

**Depatman Edikasyon Eta Nouyòk  
AVI KI DI PWOSEDI POU W SUIV POU DEFANN DWA W  
Jwen 2016**

**Dwa Paran timoun ki gen andikap, Timoun laj 3 rive 21 lane**

Antanke yon paran, ou se yon manm enpòtan Komite pou Edikasyon espesyal (Committee on Special Education) (CSE) oswa Komite pou Edikasyon espesyal depi jadendanfan (Committee on Preschool Special Education) (CPSE) ki nan Eta Nouyòk la. CSE/CPSE a reskonsab pou prepare rekòmandasyon pou pwogram ak sèvis edikasyon espesyal pou pitit ou an. Yo dwe ba ou okazyon patisipe nan diskisyon CSE/CPSE a ak nan pwosesis desizyon k ap pran osijè bezwen edikasyon espesyal timoun ou an. Enfòmasyon ki pral bay la yo anrapò ak pwosedi pou suiv pou w defann dwa w ki se dwa legal ou genyen dapre lwa federal ak lwa Eta a pou w jwenn enfòmasyon sou pwosesis edikasyon espesyal e patisipe nan pwosesis la, epi pou asire pitit ou resevwa yon edikasyon piblik gratis ki reponn a bezwen li (Free Appropriate Public Education) (FAPE).

Yo dwe ba w yon kopi avi ki di pwosedi pou w suiv pou defann dwa w yon fwa pa ane ak:

- premye fwa yo mande oswa ou mande pou yo fè evalyasyon pitit ou an.
- nenpòt ki lè ou mande yon kopi.
- dèke premye plent lan resevwa pou mande yon pwosedi jis padan yon ane akademik ki mande medyasyon oswa yon odyans san patipri.
- premye fwa nan yon ane akademik lè distri lekòl la resevwa yon kopi plent ou te depoze nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la (New York State Education Department) (NYSED).
- lè yo pran yon desizyon pou sispann oswa ranvwaye timoun ou pou rezon disiplinè ki ta lakòz yon chanjman nan plasman poutèt disiplin.

Avi ki di pwosedi pou w suiv pou defann dwa w adapte dapre modèl Depatman Edikasyon Ameriken an (United States Department of Education) (USDOE) te devlope. Gen enfòmasyon ki ajoute ladan ki konsènen egzijans pou Eta Nouyòk la.



## Tabdèmatyè

<b>Enfòmasyon jeneral .....</b>	<b>1</b>
Avi alekri ou resevwa alavans (Avi rekòmandasyon) .....	1
Lang natifnatal .....	2
Kourye elektwonik.....	2
Konsantman paran - Definisyon.....	2
Konsantman paran.....	3
Evalyasyon endepandan pou Edikasyon .....	6
<b>Konfidansyalite enfòmasyon .....</b>	<b>8</b>
Definisyon .....	8
Pèmèt idantifye yon moun pèsònèlman .....	8
Avi pou paran yo .....	8
Dwa pou ou ale nan dosye yo.....	9
Rapò sou aksè nan dosye .....	9
Dosye sou plis pase yon timoun .....	10
Lis ki kalite enfòmasyon e ki kote yo ye .....	10
Frè .....	10
Amanman dosye sou demann paran .....	10
Opòtinite pou yon odyans .....	11
Pwosedi odyans.....	11
Rezilta odyans la.....	11
Konsantman pou devwale enfòmasyon ki ka pèmèt idantifye moun pèsònèlman .....	11
Pwoteksyon .....	12
Detwi enfòmasyon .....	12
<b>Pwosedi pou plent nan Eta a.....</b>	<b>13</b>
Diferans ant pwosedi pou plent pou mande odyans pou jistis ekitab ak plent nan Eta a.....	13
Adopsyon pwosedi pou plent nan Eta.....	13
Pwosedi minimòm pou plent devan Leta .....	14
Pou depoze yon plent .....	15
<b>Pwosedi plent pou mande yon pwosedi jis .....</b>	<b>16</b>
Pou depoze yon plent pou mande yon pwosedi jis .....	16
Plent pou mande yon pwosedi jis.....	16
Modèl fòmilè .....	18
Medyasyon .....	18
Plasman timoun lan pandan plent pou mande pwosedi jis ak odyans lan poko deside (pendency).....	20

Pwosesis pou jwenn yon solisyon.....	20
<b>Odyans plent pou mande yon pwosedi jis.....</b>	<b>23</b>
Odyans pou jistis ekitab san patipri.....	23
Dwa pou odyans .....	24
Desizyon odyans yo.....	24
<b>Apèl .....</b>	<b>26</b>
Finalite (irevokablite) desizyon; Apèl; Revizyon san patipri .....	26
Delè e avantaj odyans ak revizyon .....	27
Aksyon sivil ansanm ak delè pou depoze aksyon sa yo .....	27
Frè avoka.....	28
<b>Pwosedi lè y ap pran mezi disiplinè kont timoun ki gen andikap .....</b>	<b>31</b>
Otorite pèsònèl lekòl la .....	31
Chanjman plasman poutèt ranvwa disiplinè.....	34
Detèminasyon anviwonman.....	35
Apèl.....	35
Plasman pandan pwosesis apèl yo.....	36
Pwoteksyon pou timoun ki poko kalifye pou Edikasyon Espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal.....	36
Referans ak Aksyon bòkote otorite ki responsab aplikasyon lalwa ak otorite jidisyè .....	38
<b>Itilizasyon benefis/asirans piblik ak prive .....</b>	<b>39</b>
Timoun ki gen andikap ki kouvri nan asirans piblik .....	39
Timoun ki gen andikap ki kouvri nan asirans prive.....	40
<b>Kondisyon pou paran chwazi poukont pa yo plase timoun nan lekòl prive sou kont Depans Piblik.....</b>	<b>41</b>
Jeneralite .....	41
Resous.....	42

**ENFÒMASYON JENERAL****AVI ALEKRI OU RESEVWA ALAVANS (AVI REKÒMANDASYON)****34 CFR seksyon 300.503; 8 NYCRR seksyon 200.5(a) ak (c)****Avi**

Distri lekòl ou an dwe ba w yon avi alekri (ba w sèten enfòmasyon alekri), chak fwa li:

1. gen entansyon kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman pitit ou pou edikasyon, oswa bay timoun ou yon edikasyon piblik gratis ki reponn a bezwen (FAPE) timoun ou an; **oubyen**
2. refize kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oubyen plasman pitit ou pou edikasyon, oswa pou bay timoun ou FAPE.

Si avi alekri alavans la anrapò ak yon desizyon distri lekòl la ap pran ki merite konsantman paran, distri a ap avize w nan menm moman y ap mande konsantman sa a.

**Kisa ki nan avi a**

Avi alekri a dwe:

1. dekri desizyon distri lekòl la di li gen entansyon pran oswa refize pran an;
2. eksplike poukisa distri lekòl ou an gen entansyon pran oswa li refize pran desizyon an;
3. dekri chak pwosedi evalyasyon, egzamen, dosye oswa rapò distri lekòl la itilize pou l deside ofri oswa refize aksyon an;
4. gen ladan yon deklarasyon ki di ou gen pwoteksyon dapre dispozisyon pwosedi pou suiv pou defann dwa w ki nan Pati B nan Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap la (Individuals with Disabilities Education Act) (IDEA);
5. di w kòman ou kapab jwenn yon deskripsyon avi sou pwosedi pou suiv pou defann dwa w si desizyon distri lekòl ou an ofri oswa refize pran an se pa yon premye referans pou evalyasyon;
6. gen ladan resous pou w kontakte pou ede w konprann Pati B Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap la (IDEA);
7. dekri tout lòt chwa ke Komite pou Edikasyon espesyal (CSE) oswa Komite pou Edikasyon espesyal depi jadendanfan (CPSE) pou pitit ou an te anvizaje ak rezon ki fè yo te rejte chwa sa yo; **epitou**
8. bay yon deskripsyon lòt rezon ki fè distri lekòl ou an te ofri oswa refize aksyon an.

**Avi a dwe bay nan yon lang ou ka konprann.**

Avi a dwe ekri nan lang piblik la anjeneral ka konprann epi li dwe bay nan lang natifnatal pa w oswa nan lòt mwayen ou itilize pou w kominike, sòf si li pa posib ditou pou yo fè sa.

Si lang natifnatal ou oswa lòt mwayen ou sèvi pou kominike se pa yon lang ekri, distri lekòl ou an dwe asire ke:

1. yo tradui avi a pou ou nan bouch pa lòt mwayen nan lang natifnatal ou osinon lòt mwayen kominikasyon;
2. ou konprann sa ki nan avi a; **epi**
3. gen prèv alekri ki di pwen 1 ak 2 yo te respekte.

## LANG NATIFNATAL

---

### 34 CFR seksyon 300.29; 8 NYCRR seksyon 200.1(ff)

*Lang natifnatal*, lè yo pale de li pou yon moun ki gen Konpetans limite nan lang angle, sa vle di bagay sa yo:

1. Lang moun lan itilize regilyèman, oswa, nan ka yon timoun, lang paran timoun lan itilize nòmalman;
2. Nan tout kontak dirèk ak yon timoun (ak nan evalyasyon timoun lan tou), lang timoun lan itilize nòmalman lakay li oswa nan anvivònman aprantisaj li.

Pou yon moun ki soud oswa ki avèg, oswa pou yon moun ki pa sèvi ak lang ki ekri, mwayen pou kominike a se sa moun lan itilize nòmalman (tankou lang siy, Braille, oswa kominikasyon oral).

## KOURYE ELEKTWONIK

---

### 34 CFR seksyon 300.505; 8 NYCRR seksyon 200.5(a), (f), ak (i)

Si distri lekòl ou an bay paran chwa pou yo resevwa dokiman yo nan imel, ou kapab chwazi resevwa dokiman sa yo nan imel:

1. Avi alekri ou dwe resevwa alavans lan (avi rekòmandasyon);
2. avi ki di pwosedir pou w suiv pou defann dwa w la; **ak**
3. avi anrapò ak yon plent pou mande pwosedir jis.

## KONSANTMAN PARAN - DEFINISYON

---

### 34 CFR seksyon 300.9; 8 NYCRR seksyon 200.1(l)

#### Konsantman

*Konsantman* vle di:

1. Ou te byen resevwa nèt tout enfòmasyon, nan lang natifnatal ou oswa pa lòt mwayen ou sèvi pou w kominike (tankou lang siy, Braille, oswa kominikasyon oral) , osijè aksyon w ap bay konsantman w pou li a;

2. Ou konprann epi ou bay akò w alekri pou desizyon sa a, epi konsantman an dekri desizyon an e li bay lis tout dosye (si gen dosye) ki pral mete deyò e ba kiyès; **epitou**
3. Ou konnen konsantman an volontè bòkote pa w, epi ou ka retire konsantman w nenpòt ki lè.

Poutèt ou retire konsantman w sa p ap anile (defèt) yon desizyon ki te pran apre ou te fin bay konsantman w e anvan ou te retire l.

## **KONSANTMAN PARAN**

### **34 CFR seksyon 300.300; 8 NYCRR seksyon 200.5(a) ak (b)**

#### **Konsantman pou premye evalyasyon**

Distri lekòl ou an pa ka fè yon premye evalyasyon pou pitit ou pou wè si timoun lan kalifye dapre Pati B IDEA a pou li resevwa edikasyon espesyal ak lòt sèvis anrapò ak edikasyon espesyal si distri a pa ba w yon avi alekri alavans sou desizyon yo ofri a ni si li pa jwenn konsantman w jan sa dekri nan tit anlè a ***Konsantman Paran***.

Pou distri lekòl la fè yon premye evalyasyon pou decide si pitit ou an se yon timoun ki gen andikap, distri a dwe fè tout efò rezonab pou jwenn konsantman w apre ou fin gen enfòmasyon.

Konsantman ou te bay pou yon premye evalyasyon pa vle di ou tou bay konsantman w pou distri lekòl la kòmanse bay timoun ou an edikasyon espesyal ak lòt sèvis anrapò ak edikasyon espesyal.

Si timoun ou an enskri nan lekòl piblik oswa w ap chèche enskri pitit ou nan yon lekòl piblik epi ou te refize bay konsantman w osinon ou pa te reponn demann ou resevwa pou bay konsantman pou yon premye evalyasyon epi pitit ou nan laj pou lekòl, distri lekòl ou an kapab, men li pa oblije, chèche fè yon premye evalyasyon pou pitit ou pa mwayen itilizasyon medyasyon oswa plent pou mande yon pwosedi jis, reyinyon pou jwenn yon solisyon, ak pwosedi odyans pou jistis ekkitab san patipri. Distri lekòl la pa vyole obligasyon li gen pou chèche ki kote timoun lan ye, idantifye e evalye timoun lan si li pa fè yon evalyasyon pou timoun ou an nan sikonstans sa yo epi timoun ou an pa kapab resevwa sèvis edikasyon espesyal, menmsi timoun lan te gen chans pou l ta kalifye.

#### **Règleman espesyal pou premye evalyasyon timoun leta plase sou titèl yo**

Si yon timoun se yon timoun leta plase sou titèl e li p ap viv ak paran l, distri lekòl la pa bezwen konsantman paran an pou l fè yon premye evalyasyon pou gade si timoun lan se yon timoun ki gen andikap si:

1. malgre efò rezonab li fè pou sa, distri lekòl la pa ka jwenn paran timoun lan;
2. konfòmman ak lwa Eta a, paran an te pèdi dwa li yo; **oubyen**
3. yon jij te bay yon lòt moun ki pa paran an dwa pou pran desizyon sou edikasyon epi pou bay konsantman pou yon premye evalyasyon fèt.

Nan Eta Nouyòk, Timoun leta plase sou titèl vle di yon timoun oswa yon jenn ki gen mwens pase venteyen ane:

1. ke yo te mete nan plasman oswa nan detansyon dapre seksyon 358-a, 384 oubyen 384-a Lwa Sèvis Sosyal (Social Services Law), oubyen atik 3, 7, oubyen 10 Lwa Tribinal pou Fanmi (Family Court Act), oubyen ke yo te lage pou adopsyon konfòmman ak seksyon 383-c, 384, oubyen 384-b Lwa Sèvis Sosyal; oubyen
2. ki sou kont Komisè Sèvis Sosyal (Commissioner of Social Services) oswa sou kont Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services) (OCFS) ; oubyen
3. ki yon timoun endijan dapre seksyon 398(1) Lwa Sèvis Sosyal la.

### Konsantman paran pou sèvis yo

Distri lekòl ou dwe jwenn konsantman ou ki baze sou enfòmasyon yo anvan nou bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye pou pitit ou pou premye fwa. Distri lekòl la dwe fè efò ki rezonab pou jwenn konsantman ou ki baze sou enfòmasyon yo anvan nou bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asoye pou pitit ou pou premye fwa.

Si w pa reponn yon demann yo voye ba w pou jwenn konsantman w pou timoun ou resevwa edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou premye fwa, oswa si w refize bay konsantman sa a, distri lekòl la kapab pa itilize pwosedi jistis ekitab yo (sa vle di medyasyon, reyinyon pou jwenn yon solisyon, oswa yon odyans pou jistis ekitab san patipri) nan bi pou li jwenn akò pa w oubyen yon desizyon lalwa ki di yo ka bay timoun lan edikasyon espesyal la ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal (ke CSE oswa CPSE rekòmande pou timoun lan) san konsantman pa w.

Si w refize bay konsantman w pou timoun ou resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal pou premye fwa, oswa si w pa reponn yon demann yo voye ba w pou jwenn konsantman w epi distri lekòl la pa bay timoun ou an edikasyon espesyal la ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal ke li t ap chèche jwenn konsantman w pou yo a, distri lekòl la:

1. pa vyole obligasyon li gen pou li mete FAPE aladispozisyon timoun lan poutèt li pa bay timoun lan sèvis sa yo; **epi**
2. li pa oblije fè yon reyinyon IEP oswa prepare yon pwojè akademik endividyèl (IEP) pou timoun ou an pou edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal yo te mande konsantman w pou yo a.

### Anilasyon konsantman paran

Si ou voye yon lèt bay sektè lekòl la (school district) ki di ladan li ke ou anile (revoke) otorizasyon ou te bay sektè lekòl la pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal ak sèvis an rapò ak edikasyon espesyal, sektè lekòl la:

1. ka pa kontinye bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis an rapò ak edikasyon espesyal;
2. ka pa itilize otorite li (tankou negosyasyon, reyinyon pou rezoud pwoblèm, oswa yon chita pale ki pa gen pati pri) pou li jwenn angajman oswa yon desizyon lalwa pou pitit ou a ka resevwa sèvis sa yo;

3. pa derespekte obligasyon ki di pou pitit ou a resevwa FAPE lè sektè lekòl la pa bay pitit ou a edikasyon espesyal ak lòt sèvis an rapò ak edikasyon espesyal;
4. pa oblije gen yon reyinyon IEP oswa devlope yon IEP pou pitit ou a pou li ka jwenn edikasyon espesyal ak sèvis an rapò ak edikasyon espesyal; **epitou**
5. pa oblije chanje dosye edikasyon pitit ou pou retire kote ki di ladan li ke pitit ou a te resevwa edikasyon espesyal ak sèvis an rapò ak edikasyon espesyal paske ou anile otorizasyon ou a.

### **Konsantman paran pou yo refè evalyasyon**

Anvan li refè evalyasyon timoun ou an, distri lekòl la dwe jwenn konsantman w apre w fin gen enfòmasyon, sòf si distri lekòl ou an ka demontre:

1. li te fè tout sa l kapab pou jwenn konsantman w pou yo refè evalyasyon timoun ou an; **epi**
2. ou pa te bay repons.

Si w refize bay konsantman w pou yo refè evalyasyon timoun ou an, distri lekòl la pa oblije fè sa, men li ka chèche refè evalyasyon timoun lan pa mwayen itilizasyon medyasyon, plent pou mande yon pwosedi jis, reyinyon pou jwenn yon solisyon ak pwosedi odyans pou jistis ekitab san paspouki pou li chèche pase sou tèt refi konsantman w pou yo refè evalyasyon timoun ou an. Tankou pou premye evalyasyon yo, distri lekòl la pa vyole obligasyon li gen dapre Pati B IDEA a si li refize chèche sèvi ak mwayen sa yo pou refè evalyasyon an.

### **Dokimantasyon efò rezonab ki fèt pou jwenn konsantman paran**

Distri lekòl ou an dwe konsève dokiman pou montre efò rezonab yo te fè pou jwenn konsantman paran pou premye evalyasyon ak pou refè evalyasyon, pou bay edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou premye fwa, ak efò pou jwenn ki kote paran timoun leta plase sou titèl yo ye pou premye evalyasyon yo. Dokiman yo dwe gen ladan rapò tantativ distri lekòl la fè nan domèn sa yo, tankou:

1. rapò detaye sou koutfil yo te fè oswa yo te eseye fè ak rezilta apèl sa yo;
2. kopi lèt yo te voye ba paran yo ak kèlkanswa repons yo te resevwa; **ak**
3. rapò detaye sou vizit yo te fè kay paran yo oswa kote paran an ap travay ak rezilta vizit sa yo.

### **Konsantman paran pou itilizasyon asirans**

Konsantman paran obligatwa anvan distri lekòl la itilize asirans prive oswa piblik yon paran, jan sa dekri nan tit ***Itilizasyon Benefis/Asirans prive ak piblik***.

### **Konsantman pou elèv paran plase nan lekòl prive ak timoun ki resevwa enstriksyon lakay pa yo**

Si w mete timoun ou nan yon lekòl prive sou pwòp frè pa w oswa si w fè lekòl pou timoun ou lakay ou, epi ou pa bay konsantman w pou yo fè premye evalyasyon oswa refè evalyasyon pou timoun ou an, osinon ou pa reponn yon demann yo voye ba w pou



jwenn konsantman w, distri lekòl la gendwa pa sèvi ak pwosedi li genyen pou pase sou tèt konsantman (sa vle di medyasyon, plent pou mande yon pwosedi jis, reyinyon pou jwenn yon solisyon, oubyen yon odyans pou jistis ekkitab san patipri) e li pa oblije konsidere timoun ou an kalifye pou resevwa sèvis edikasyon san patipri yo (sèvis yo mete disponib pou timoun ki gen andikap ke paran plase nan lekòl prive).

### Lòt règleman sou konsantman

Konsantman w pa obligatwa pou distri lekòl ou an kapab:

1. egzaminen done ki la deja nan kad premye evalyasyon oswa yon evalyasyon yo te refè pou timoun ou an; **oubyen**
2. bay timoun ou an yon egzamen oswa lòt evalyasyon yo bay tout lòt timoun yo, sòf si anvan egzamen oswa evalyasyon sa a, yon konsantman paran tout timoun nesèsè.

Menm si ou refize bay konsantman w pou yon sèvis oswa yon aktivite, distri lekòl la pa kapab sèvi ak sa pou li refize oumenm oswa timoun ou an kèlkanswa lòt sèvis, benefis oubyen aktivite.

Distri lekòl la dwe prepare e mete an plas pwosedi pou asire ke refi konsantman w pou kenenpòt nan lòt sèvis ak aktivite sa yo pa gen kòm konsekans timoun ou an pa resevwa FAPE.

## EVALYASYON ENDEPANDAN POU EDIKASYON

### 34 CFR seksyon 300.502; 8 NYCRR seksyon 200.5(g)

#### Jeneralite

Jan sa dekri anba la a, ou gen yon dwa pou w jwenn yon evalyasyon endepandan sou edikasyon (Independent Educational Evaluation) (IEE) pou timoun ou si w pa dakò ak evalyasyon distri lekòl la te jwenn pou timoun ou an.

Si w mande yon IEE, distri lekòl la dwe ba w enfòmasyon sou kote ou kapab jwenn yonn ak kritè distri lekòl la aplike pou IEE yo.

#### Definisyon

*Evalyasyon endepandan sou edikasyon* vle di yon evalyasyon yon moun kalifye fè, ki pa anplwaye nan distri ki reskonsab edikasyon pitit ou an.

*Depans piblik (Public expense)* vle di oubyen distri lekòl la peye tout frè evalyasyon an oswa li asire evalyasyon an fèt yon lòt jan san w pa depanse, konfòmman ak dispozisyon Pati B IDEA a, ki pèmèt tout Eta itilize kèlkanswa sous sipò lokal, federal, prive oswa nan Eta a ki disponib dekwa pou obligasyon Pati B IDEA a respekte.

#### Dwa paran genyen pou evalyasyon sou kont depans piblik

Ou gen yon dwa pou w jwenn yon IEE pou pitit ou sou kont depans piblik si w pa dakò ak yon evalyasyon pitit ou te jwenn nan distri lekòl la, anba kondisyon sa yo:

1. Si w mande yon IEE pou pitit ou sou kont depans piblik, distri lekòl ou an dwe san reta ki pa nesèsè, swa: (a) depoze yon plent pou pwosedi jis pou mande yon odyans pou montre evalyasyon li te fè pou timoun ou an reponn a bezwen l; oswa (b) bay

yon IEE sou kont depans piblik, sòf si distri lekòl la demontre nan yon odyans ke evalyasyon ou te jwenn pou timoun ou an pa ranpli kritè distri lekòl la.

2. Si distri lekòl la mande yon odyans epi desizyon final la di evalyasyon distri lekòl ou an te fè pou timoun lan reponn a bezwen timoun lan, ou gen dwa toujou pou w jwenn yon IEE, men se pa sou kont depans piblik.
3. Si w mande yon IEE pou timoun ou, distri lekòl la gen dwa mande poukisa ou kont evalyasyon distri lekòl la te fè pou timoun lan. Men, distri lekòl la pa kapab egzije yon eksplikasyon e li pa kapab san rezon pran reta pou li, swa fè w jwenn IEE a pou timoun lan sou kont depans piblik, oswa depoze yon plent pou yon pwosedi jis pou mande yon odyans pou jistis ekitab pou defann evalyasyon li te fè pou timoun lan.

Nòmalman, ou gen dwa pou yon sèl IEE pou timoun ou sou kont depans piblik chak fwa distri lekòl ou an fè yon evalyasyon pou timoun ou, epi ou pa dakò avè l.

### **Evalyasyon paran pran desizyon fè**

Si w jwenn yon IEE pou timoun ou sou kont depans piblik oswa ou chwazi pataje ak distri lekòl la yon evalyasyon timoun ou ke ou te jwenn nan depans prive:

1. Si li satisfè kritè distri lekòl la pou IEE, distri lekòl la dwe konsidere rezilta evalyasyon timoun ou an nan kenepòt desizyon ki pran konfòmman ak dispozisyon FAPE pou timoun ou an; epi
2. Oumenm oswa distri lekòl ou an, nou kapab prezante evalyasyon an kòm prèv nan yon odyans pou jistis ekitab konsènan timoun ou an.

### **Evalyasyon fonksyonè odyans san patipri mande pou yo fè**

Si yon fonksyonè odyans san patipri (impartial hearing officer) (IHO) mande yon IEE pou pitit ou nan kad yon odyans pou pwosedi jis, frè evalyasyon an dwe sou kont depans piblik.

### **Kritè distri lekòl la**

Si yon IEE fèt sou kont depans piblik, kritè ki sèvi pou evalyasyon an, ansanm ak kote evalyasyon an ap fèt ak kalifikasyon moun k ap fè evalyasyon an, tout sa yo dwe menm ak kritè distri lekòl la itilize lè li decide fè yon evalyasyon (depi kritè sa yo annakò ak dwa ou genyen pou yon IEE).

Aleksepsyon kritè ki dekri anwo la a, yon distri lekòl pa kapab enpoze kondisyon oswa delè pou jwenn yon IEE sou kont depans piblik.

## KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON

### DEFINISYON

#### 34 CFR seksyon 300.611

Jan li site nan tit **Konfidansyalite enfòmasyon** an:

*Destriksyon* vle di detwi fizikman oswa retire bagay ki pèmèt idantifye yon moun pèsònèlman nan enfòmasyon yo dekwa pou enfòmasyon an pa pèmèt idantifye moun lan ankò.

*Dosye Edikasyon* vle di kalite dosye ki site nan definisyon “dosye edikasyon” nan 34 CFR Pati 99 (règleman ki mete ann aplikasyon Lwa 1974 sou Dwa Fanmi pou Edikasyon ak Vi prive (Family Educational Rights and Privacy Act), 20 U.S.C. 1232g (FERPA)).

*Òganizasyon ki patisipe* vle di tout distri lekòl, biwo oswa enstitisyon ki ranmase, konsève, oubyen sèvi avèk enfòmasyon ki ka pèmèt idantifye yon moun pèsònèlman oubyen ki bay enfòmasyon sa yo konfòmman ak Pati B IDEA a.

### PÈMÈT IDANTIFYE YON MOUN PÈSONÈLMAN

#### 34 CFR seksyon 300.32; 8 NYCRR seksyon 200.5(e)

*Pèmèt idantifye yon moun pèsònèlman* vle di enfòmasyon ki gen ladan:

- (a) non timoun ou an, non pa w kòm paran, oswa non yon lòt manm nan fanmi an;
- (b) adrès timoun ou an;
- (c) yon idantifyan pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal timoun lan oswa nimewo elèv li; **oubyen**
- (d) yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki ta ka pèmèt idantifye timoun ou an avèk yon sètitud rezonab.

### AVI POU PARAN YO

#### 34 CFR seksyon 300.612

Lè Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED) ak distri lekòl konsève enfòmasyon ki ka pèmèt idantifye moun pèsònèlman, yo dwe bay paran yo yon avi ki apwopriye pou byen avèti paran yo enfòmasyon an ap rete sekre, ansanm ak:

1. yon deskripsyon pou di jiska ki pwèn yo bay avi a nan lang natifnatal divès kalite gwoup popilasyon ki nan Eta a;
2. yon deskripsyon pou di ki timoun yo konsève enfòmasyon ki idantifye yo pèsònèlman, ki kalite enfòmasyon y ap chèche, metòd yo itilize pou ranmase enfòmasyon yo (sous kote yo ranmase enfòmasyon ladan tou), ak ki itilizasyon y ap fè ak enfòmasyon yo;

3. yon rezime règleman ak pwosedir òganizasyon ki patisipe yo dwe suiv pou zafè estokaj, devwalman bay lòt, kenbe ak detwi enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsonèlman; **epi**
4. yon deskripsyon tout dwa paran ak timoun yo genyen anrapò ak enfòmasyon sa a, ansanm ak dwa yo dapre FERPA ak règleman ki mete l ann aplikasyon nan 34 CFR Pati 99.

Anvan yo fè nenpòt aktivite pou idantifye, lokalize, oswa evalye yon timoun (ke yo rele tou “chèche yon timoun”), avi a dwe pibliye oswa anonse nan jounal oubyen lòt medya, osinon nan toude, ki sikile ase pou avèti paran yo sou aktivite pou lokalize, idantifye ak evalye timoun ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal.

## DWA POU OU ALE NAN DOSYE YO

### 34 CFR seksyon 300.613; 8 NYCRR seksyon 200.2(b)(6) ak 200.5(d)(6)

Òganizasyon ki patisipe a dwe otorize w enspekte ak gade nenpòt ki dosye edikasyon konsènan timoun ou ke distri lekòl la ranmase, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a. Òganizasyon ki patisipe a dwe egzekite demann ou fè pou w enspekte ak gade tout dosye edikasyon sou pitit ou san li pa pran reta ki pa nesèsè ansanm ak anvan nenpòt reyinyon konsènan yon IEP, oswa kenenpòt odyans pou jistis ekitab (yon reyinyon pou jwenn yon solisyon oubyen yon odyans pou disiplin ladan tou), e nan okenn ka sa pa dwe pran plis pase 45 jou sivil apre ou te fè yon demann.

Nan dwa w pou w enspekte ak gade dosye edikasyon yo, gen ladan:

1. yon repons òganizasyon ki patisipe a dwe ba w pou demann rezonab ou fè pou eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo;
2. yon demann pou òganizasyon ki patisipe a ba w kopi dosye yo si w pa kapab enspekte ak gade dosye yo vrèman si w pa resevwa kopi sa yo; **ak**
3. dwa pou w fè reprezantan pa w enspekte ak gade dosye yo.

Òganizasyon ki patisipe a gen dwa sipoze ou gen dwa pou w enspekte ak gade dosye anrapò ak timoun ou amwenske yo te avèti l ke ou pa gen dwa sa a, dapre lwa aplikab Eta a ki okipe afè sa yo tankou titèl legal, oswa separasyon ak divòs.

## RAPÒ SOU AKSÈ NAN DOSYE

### 34 CFR seksyon 300.614

Tout òganizasyon ki patisipe dwe konsève yon rapò pou tout moun ki te jwenn aksè nan dosye edikasyon yo te ranmase, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a (eksepte aksè paran oswa anplwaye otorize òganizasyon ki patisipe a), e ladan ap genyen non moun lan, dat li jwenn aksè, ak nan ki bi yo te otorize l sèvi ak dosye yo.

## DOSYE SOU PLIS PASE YON TIMOUN

---

### 34 CFR seksyon 300.615

Si yon dosye edikasyon gen ladan enfòmasyon sou plis pase yon timoun, paran timoun sa yo gen dwa enspekte ak gade sèlman enfòmasyon ki anrapò ak pitit pa yo oswa mande ak resevwa enfòmasyon sa a espesyalman.

## LIS KI KALITE ENFÒMASYON E KI KOTE YO YE

---

### 34 CFR seksyon 300.616

Depi w mande sa, tout òganizasyon ki patisipe dwe ba w lis kalite dosye edikasyon òganizasyon an te ranmase, konsève oswa itilize ak ki kote yo ye.

## FRÈ

---

### 34 CFR seksyon 300.617

Chak òganizasyon ki patisipe kapab chaje yon frè pou kopi dosye ke yo fè pou ou dapre Pati B IDEA a, si frè yo pa an reyalyte anpeche w egzèse dwa ou genyen pou w enspekte ak gade dosye sa yo.

Yon òganizasyon ki patisipe pa kapab chaje yon frè pou chèche oswa pou jwenn enfòmasyon yo dapre Pati B IDEA a

## AMANMAN DOSYE SOU DEMANN PARAN

---

### 34 CFR seksyon 300.618

Si w kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon sou timoun ou ke yo te ranmase, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a pa kòrèk, yo bay manti, oswa yo vyole vi prive oubyen lòt dwa timoun ou, ou kapab mande òganizasyon ki konsève enfòmasyon yo pou li chanje enfòmasyon an.

Òganizasyon ki patisipe a dwe deside si l ap chanje enfòmasyon an annakò ak demann ou an, nan yon delè rezonab apre li fin resevwa demann ou an.

Si òganizasyon ki patisipe a refize chanje enfòmasyon an konfòmman ak demann ou an, li dwe enfòme w sou refi sa a e avèti w sou dwa ou genyen pou yon odyans pou afè sa a jan sa dekri nan tit **Opòtinite pou yon odyans**.

## OPÒTINITE POU YON ODYANS

---

### 34 CFR seksyon 300.619

Si w mande sa, òganizasyon ki patisipe a dwe ba w okazyon pou yon odyans pou w konteste enfòmasyon ki nan dosye edikasyon konsènan timoun ou pou w asire ke yo kòrèk, yo pa bay manti, oswa yo pa otreman vyole vi prive oswa lòt dwa timoun ou.

## PWOSEDI ODYANS

---

### 34 CFR seksyon 300.621

Yon odyans pou konteste enfòmasyon ki nan dosye edikasyon dwe fèt suivan pwosedì pou kalite odyans sa yo dapre FERPA.

## REZILTA ODYANS LA

---

### 34 CFR seksyon 300.620

Si, nan rezilta odyans lan, òganizasyon ki patisipe a deside ke enfòmasyon an pa kòrèk, li bay manti oswa nan yon lòt sans li vyole vi prive oswa lòt dwa timoun lan, li dwe chanje enfòmasyon an kòm sadwa epi avèti w alekri.

Si, nan rezilta odyans la, òganizasyon ki patisipe a deside ke enfòmasyon an kòrèk, li pa bay manti oswa nan yon lòt sans li pa vyole vi prive oswa lòt dwa timoun ou an, li dwe avèti w sou dwa ou genyen pou mete nan dosye li konsève sou pitit ou yon deklarasyon ki fè kòmantè sou enfòmasyon an oswa ki bay tout rezon ki fè ou pa dakò ak desizyon òganizasyon ki patisipe a.

Yon enfòmasyon konsa ki nan dosye timoun ou an:

1. òganizasyon ki patisipe a dwe konsève l kòm yon pati dosye pitit ou an toutotan òganizasyon ki patisipe a konsève dosye a oswa pòsyon ki konteste a; epi
2. si òganizasyon ki patisipe a devwale dosye timoun ou an oswa pòsyon ki konteste a ba kenenpòt lòt moun, li dwe devwale eksplikasyon an tou ba lòt moun lan.

## KONSANTMAN POU DEWALE ENFÒMASYON KI KA PÈMÈT IDANTIFYE MOUN PÈSONÈLMAN

---

### 34 CFR seksyon 300.622; 8 NYCRR seksyon 200.5(b)

Yo dwe jwenn konsantman pa w anvan yo devwale enfòmasyon ki idantifye moun pèsonèlman ba lòt pati ki pa fonksyonè òganizasyon ki patisipe yo, amwenske enfòmasyon an anndan dosye edikasyon yo, e dapre FERPA devwalman an otorize san konsantman paran. Eksepte nan sikonstans ki presize anba la a, konsantman w pa obligatwa anvan yo devwale enfòmasyon ki idantifye moun pèsonèlman ba fonksyonè òganizasyon ki patisipe yo nan bi pou yo satisfè yon kondisyon Pati B IDEA a.

Yo dwe jwenn konsantman pa w oswa konsantman yon timoun ki kalifye ki rive nan laj majorite dapre lwa Eta a (18 an) anvan yo devwale enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman ba fonksyonè òganizasyon ki patisipe k ap bay sèvis tranzisyon yo oswa k ap peye pou yo.

Si timoun ou an nan yon lekòl prive oswa li pral nan yon lekòl prive ki pa nan menm distri lekòl w abite ladan an, yo dwe jwenn konsantman pa w anvan yo devwale kenenpòt enfòmasyon sou timoun ou ki idantifye l pèsònèlman ant fonksyonè nan distri lekòl kote lekòl prive a ye a ak fonksyonè nan distri lekòl kote w abite a.

## **PWOTEKSYON**

---

### **34 CFR seksyon 300.623**

Tout òganizasyon ki patisipe dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman nan etap ranmase, estoke, devwale ak detwi enfòmasyon sa yo.

Yon fonksyonè nan chak òganizasyon ki patisipe dwe genyen kòm reskonsablite pou li asire konfidansyalite tout enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman.

Tout moun k ap kolekte oswa itilize enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman dwe resevwa fòmasyon ak enstriksyon sou règleman ak pwosedir Eta Nouyòk la konsènan konfidansyalite dapre Pati B IDEA ak FERPA.

Tout òganizasyon ki patisipe dwe konsève, pou enspeksyon piblik, yon lis ajou sou non ak fonksyon anplwaye ki nan òganizasyon an ki gen aksè nan enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman.

## **DETWI ENFÒMASYON**

---

### **34 CFR seksyon 300.624**

Distri lekòl ou an dwe enfòme w lè enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman ke yo te kolekte, konsève oswa itilize, pa nesesè ankò pou founi sèvis edikasyon espesyal ba timoun ou.

Yo dwe detwi enfòmasyon an lè w mande sa. Men, yo kapab konsève san limit yon dosye pèmanan sou non timoun ou, adrès, ak nimewo telefòn, nòt li fè, dosye prezans, kou li suiv, klas li fin fè, ak ane li fini.

## **PWOSEDI POU PLENT NAN ETA A**

### **DIFERANS ANT PWOSEDI POU PLENT POU MANDE ODYANS POU JISTIS EKITAB AK PLENT NAN ETA A**

Règleman pou Pati B IDEA a prezante pwosedir apa pou plent nan Eta a ak pou plent pou mande yon pwosedir ekitab e odyans. Jan li eksplike anba la a, nenpòt moun oswa òganizasyon kapab depoze yon plent nan Eta a pou deklare vyolasyon kenepòt egzijans Pati B a ke yon distri lekòl, NYSED, oswa yon lòt biwo piblik komèt. Se sèl oumenm oswa yon distri lekòl ki ka depoze yon plent pou mande yon pwosedir jis pou yon afè anrapò ak desizyon oubyen refi pou tanmen oswa chanje idantifikasyon evalyasyon oubyen plasman edikasyonèl yon timoun ki gen andikap, oswa anrapò ak bay timoun lan FAPE. Pèsonèl NYSED anjeneral dwe jwenn solisyon yon plent Eta nan yon delè 60 jou sivil, sòf si delè a ogmante kòm sadwa. Yon fonksyonè odyans pou jistis ekitab san patipri dwe tande yon plent pou mande yon pwosedir jis (si li pa rezoud nan yon reyinyon pou jwenn solisyon oswa nan medyasyon) epi remèt yon desizyon alekri anvan 45 jou sivil fin pase pou ka elèv ki gen laj lekòl e 30 jou sivil pou elèv jadendanfan apre fen peryòd pou jwenn solisyon an, (jan li dekri nan dokiman sa a nan tit Pwosedir pou jwenn solisyon) sòf si fonksyonè odyans lan akòde yon ekstansyon espesyal delè a. Yon ekstansyon konsa pral fèt lè w mande l oswa lè distri lekòl la mande l. Pwosedir plent Eta a ak plent pou mande yon pwosedir jis, rezolisyon ak odyans dekri pi konplètman anba la a.

### **ADOPSYON PWOSEDI POU PLENT NAN ETA**

#### **34 CFR seksyon 300.151; 8 NYCRR seksyon 200.5(I)**

##### **Jeneralite**

NYSED dwe gen pwosedir alekri pou:

1. rezoud tout plent; plent yon òganizasyon oswa yon moun nan yon lòt Eta depoze ladan tou;
2. depoze yon plent nan NYSED. Ou ka pote plent devan Eta a nan:  
Statewide Coordinator for Special Education  
New York State Education Department  
Office of Special Education  
89 Washington Avenue, Room 309 EB  
Albany, NY 12234
3. distribye pwosedir pou plent Eta anjeneral ba tout paran ak lòt moun ki konsènen, epitou nan sant pou fòmasyon ak enfòmasyon paran yo, nan biwo pwoteksyon ak defans yo, sant endepandan pou ede moun, ak lòt antite apwopriye.



### Rekou pou lè yo refize bay sèvis ki apwopriye

Nan rezoud yon plent Eta, kote NYSED jwenn te gen mankman pou bay sèvis apwopriye, NYSED dwe okipe:

1. mankman ki te genyen pou bay sèvis ki apwopriye, ansanm ak desizyon apwopriye pou pote koreksyon pou satisfè bezwen timoun lan; **epi**
2. founi sèvis apwopriye alavni pou tout timoun ki gen andikap.

### PWOSEDI MINIMÒM POU PLENT NAN ETA A

#### 34 CFR seksyon 300.152; 8 NYCRR seksyon 200.5(l)

#### Delè; pwosedir minimòm

NYSED dwe mete nan pwosedir li yo pou plent Eta yon delè 60 jou sivil apre yon plent depoze pou:

1. yon ankèt endepandan fèt souplas, si NYSED jwenn yon ankèt nesèsè;
2. bay pleyan an (moun ki depoze plent lan) okazyon pou li bay enfòmasyon anplis, swa aloral oubyen alekri, sou sa li pretann nan plent lan;
3. bay distri lekòl la oswa lòt biwo piblik okazyon pou yo reponn plent lan, epitou, ominimòm: (a) si biwo a chwazi fè sa, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan; **ak** (b) yon okazyon pou yon paran ki te depoze yon plent ansanm ak biwo a aksepte volontèman antre nan medyasyon;
4. repase tout enfòmasyon enpòtan e detèmine endepandaman si distri lekòl la oswa yon lòt biwo piblik vyole yon egzijans Pati B IDEA a; **epi**
5. bay pleyan an yon desizyon alekri ki abòde tout sa li te pretann nan plent lan e ki gen ladan: (a) konstataasyon sa ki te pase a ak konklizyon yo; **e** (b) rezon desizyon final NYSED a.

#### Pwolonjman delè; desizyon final; mete ann aplikasyon

Pwosedir NYSED ki dekri anwo la a dwe:

1. pèmèt tou yon ekstansyon delè 60 jou sivil la sèlman si: (a) gen sikonstans eksepsyonèl konsènan yon plent Eta espesyal; **oswa** (b) paran an ak distri lekòl la oswa yon lòt biwo piblik ki konsènen dakò volontèman pwolonje delè pou rezoud afè a nan medyasyon.
2. gen ladan tou pwosedir pou byen egzekite desizyon final NYSED a, si sa nesèsè, ansanm ak: (a) aktivite asistans teknik; (b) negosyasyon; **ak** (c) koresksyon ki deside fèt pou respekte desizyon an.

Desizyon NYSED pran pou plent lan se yon desizyon ki final, epi ou pa kapab konteste desizyon sa a. Menmsi yon distri lekòl ak yon paran gen dwa pou fè yon odyans san paspouki pou rezoud menm pwoblèm ki endike nan plent lan, ou pa kapab itilize odyans san paspouki a kòm yon kontestasyon pou desizyon Leta pran sou yon plent.

**Plent nan Eta ak odyans pou jistis ekitab**

Si gen yon plent Eta alekri ki depoze e li gen ladan tou matyè pou yon odyans pou jistis ekitab jan li dekri anba la a nan tit ***Pou depoze yon plent pou mande yon pwosedi jis*** la, oswa plent Eta a gen ladan plizyè pwen kote yonn oswa plizyè fè pati yon odyans konsa, NYSED dwe mete plent Eta a sou kote, oswa tout pati nan plent Eta a k ap trete nan odyans jistis ekitab la jiskaske odyans la fini. Tout pati nan plent Eta a ki pa fè pati odyans pou jistis ekitab la dwe rezoud nan delè ak pwosedi ki dekri anwo la a.

Si yon pwoblèm ki souleve nan plent Eta a te jwenn desizyon deja nan yon odyans pou jistis ekitab ki angaje menm pati yo (oumenm ak distri lekòl la), alòs, desizyon odyans pou jistis ekitab la enpoze sou pwoblèm sa a obligatwa epi NYSED dwe fè pleyan konnen li oblije respekte desizyon an.

NYSED dwe rezoud yon plent ki pretann yon distri lekòl oubyen yon lòt biwo piblik pa egzekite yon desizyon odyans pou jistis ekitab.

**POU DEPOZE YON PLENT****34 CFR seksyon 300.153; 8 NYCRR seksyon 200.5(I)**

Yon òganizasyon oswa yon moun gen dwa siyen e depoze yon plent Eta alekri suivan pwosedi yo ki dekri anwo la a.

Plent Eta a dwe gen ladan:

1. yon deklarasyon ki di yon distri lekòl oswa yon lòt biwo piblik te vyole egzijans Pati B IDEA a osinon règleman li yo;
2. bagay yo deklarasyon an baze sou yo a;
3. siyati ak enfòmasyon pou kontakte pleyan an; epi
4. si vyolasyon yo pretann yo konsènen yon timoun pèsonèlman:
  - (a) non timoun lan ak adrès kote timoun lan abite;
  - (b) non lekòl timoun lan ladan an;
  - (c) nan ka yon timoun oswa yon jenn moun ki san kay, enfòmasyon ki disponib pou kontakte timoun lan, ak non lekòl timoun lan ladan an;
  - (d) yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun lan, ansanm ak bagay ki gen rapò ak pwoblèm lan; **ak**
  - (e) yon solisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi sa pati ki depoze plent lan konnen e ke li genyen aladispozisyon l nan moman plent lan depoze a.

Plent lan dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase ennan anvan dat plent lan resevwa jan li dekri a nan tit ***Adopsyon pwosedi plent nan Eta***.

Pati ki depoze plent nan Eta a dwe voye yon kopi plent lan ba distri lekòl la oswa lòt biwo piblik ki bay timoun lan sèvis la nan menm moman l ap depoze plent lan nan NYSED.

## PWOSEDI PLENT POU MANDE YON PWOSEDI JIS

### POU DEPOZE YON PLENT POU MANDE YON PWOSEDI JIS

**34 CFR seksyon 300.507; 8 NYCRR seksyon 200.5(i) ak seksyon 200.5(j)**

#### Jeneralite

Oumenm oubyen distri lekòl la ka depoze yon plent pou mande yon pwosedir jis pou yon afè anrapò ak desizyon oswa refi pou kòmanse oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikasyonèl timoun ou ki gen andikap, osinon anrapò ak bay timoun ou FAPE.

Plent pou mande yon pwosedir jis la dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase dezan anvan oumenm oswa distri lekòl la te okouran oubyen ta dwe okouran swadizan desizyon sa a ki fòme baz plent pou mande pwosedir jis la.

Delè ki anwo la a pa aplike pou ou si li pa te posib pou w depoze yon plent pou mande yon pwosedir jis nan delè yo bay la paske:

1. distri lekòl la te espesyalman fè w konprann li te rezoud pwoblèm ki nan plent lan; **oubyen**
2. distri lekòl la te kenbe enfòmasyon li gen obligasyon bay ou dapre Pati B IDEA a.

#### Enfòmasyon pou paran

Distri lekòl la dwe enfòme ou sou tout sèvis legal gratis oubyen ou ka jwenn pou pri ba, ak lòt sèvis enpòtan ki disponib nan zòn lan si w mande enfòmasyon an, **oswa** si oumenm oubyen distri lekòl la depoze yon plent pou mande yon pwosedir jis.

### PLENT POU MANDE YON PWOSEDI JIS

**34 CFR seksyon 300.508; 8 NYCRR seksyon 200.5(i) ak (j)**

#### Jeneralite

Pou mande yon odyans, oumenm oubyen distri lekòl la (oswa avoka w oubyen avoka distri lekòl la) dwe soumèt yon plent pou mande yon pwosedir jis ba lòt pati a. Plent sa a dwe gen ladan tout sa ki site anba la a e li dwe rete konfidansyèl.

Oumenm oswa distri lekòl ou, kèlkanswa sa ki depoze plent lan, dwe bay NYSED tou yon kopi plent lan.

#### Kisa ki dwe nan plent lan

Plent pou mande yon pwosedir jis la dwe gen ladan:

1. non timoun lan;
2. adrès kote timoun lan abite;

3. non lekòl timoun lan;
4. si timoun lan se yon timoun ki san kay, enfòmasyon pou kontakte timoun lan ak non lekòl timoun lan;
5. yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun lan ki di desizyon yo pran oswa refize a, ansanm ak bagay ki gen rapò ak pwoblèm lan; **ak**
6. yon solisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi sa oumenm oswa distri lekòl la konnen e ki disponib pou nou nan moman an.

### **Yon avi obligatwa anvan yon odyans pou yon plent pou pwosedi jis.**

Oumenm oswa distri lekòl la pa ka gen yon odyans pou jistis ekitab jiskaske oumenm oswa distri lekòl la (osinon avoka w oubyen avoka distri lekòl la) depoze yon plent pou mande yon pwosedi jis ki gen ladan enfòmasyon ki site anwo la yo.

### **Sifizans yon plent**

Pou yon plent pou mande yon pwosedi jis avanse, li dwe konsidere kòm sifizan. Plent pou mande yon pwosedi jis la ap konsidere kòm sifizan (li ranpli egzijans ki anwo la yo) sòf si pati ki resevwa plent pou pwosedi jis la (oumenm oswa distri lekòl la) avèti fonksyonè odyans la ak lòt pati a alekri, anvan 15 jou sivil fin pase apre plent lan resevwa, pou di l pati ki resevwa a kwè plent pou pwosedi jis la pa ranpli egzijans yo ki site anwo la a.

Anvan senk jou sivil fin pase apre li resevwa notifikasyon ki di pati ki resevwa plent la (oumenm oswa distri lekòl la) konsidere yon plent pou mande yon pwosedi jis ensifizan, ofisyè odyans san patipri a dwe decide si plent pou pwosedi jis la ranpli egzijans ki site anwo la yo, epi avèti oumenm ak distri lekòl la alekri tousuit.

### **Amanman plent**

Oumenm oswa distri lekòl la kapab fè chanjman nan plent la sèlman si:

1. lòt pati a apwouve chanjman yo alekri e li gen okazyon pou rezoud plent pou pwosedi jis la nan yon reyinyon pou jwenn solisyon, ki dekri anba la a; **oswa**
2. fonksyonè odyans lan bay pèmasyon pou fè chanjman yo, pa pita pase senk jou anvan odyans pou jistis ekitab la kòmanse.

Si pati ki pote plent lan (oumenm oswa distri lekòl la) fè chanjman nan plent pou mande pwosedi jis la, delè pou reyinyon pou jwenn solisyon an (anvan 15 jou sivil fin pase apre resepsyon plent lan) ak delè pou rezolisyon an (anvan 30 jou sivil fin pase apre resepsyon plent lan) kòmanse ankò nan dat plent ki amande a depoze a.

### **Repons Biwo lokal pou edikasyon (Local educational agency) (LEA) oswa distri lekòl bay pou yon plent pou mande yon pwosedi jis**

Si distri lekòl la pa te voye yon premye avi alekri ba ou, jan li dekri nan tit **Avi alekri alavans** la, konsènan matyè ki nan plent pou mande yon pwosedi jis ou an, distri lekòl la dwe, anvan 10 jou sivil fin pase apre resepsyon plent pou mande yon pwosedi jis la, voye yon repons ba ou ki gen ladan:

1. yon eksplikasyon sou poukisa distri lekòl la aksepte oswa refize pran desizyon ki souve nan plent pou mande yon pwosedi jis la;

2. yon deskripsyon sou lòt chwa CSE pitit ou an oswa CPSE te anvizaje, ak rezon ki fè yo te rejte chwa sa yo;
3. yon deskripsyon chak pwosede evalyasyon, egzamen, dosye oswa rapò distri lekòl la itilize kòm baz pou aksepte oswa refize desizyon an; **ak**
4. yon deskripsyon lòt faktè ki gen rapò ak desizyon distri lekòl la pran oswa refize pran an.

Bay enfòmasyon ki nan pwen 1-4 anwo la a pa anpeche distri lekòl la di plent pou mande yon pwosedir jis ou an te ensifizan.

### **Repons lòt pati pou yon plent pou mande pwosedir jis**

Eksepte jan li deklare nan soutit touswit anwo la a, **Repons LEA oswa distri lekòl la bay pou yon plent pou mande yon pwosedir jis**, pati ki resevwa yon plent pou mande yon pwosedir jis dwe, anvan 10 jou sivil fin pase apre resepsyon plent lan, voye ba lòt pati a yon repons ki abòde pwoblèm yo ki nan plent lan espesyalman.

## **MODÈL FÒMILÈ**

---

### **34 CFR seksyon 300.509**

NYSED dwe devlope modèl fòmilè pou ede w depoze yon plent Eta oswa yon plent pou mande yon pwosedir jis. Men NYSED oswa distri lekòl la pa kapab oblije ou sèvi ak modèl fòmilè sa yo. Ou kapab sèvi ak modèl fòmilè Eta a oswa lòt fòmilè apwopriye, depi yo gen enfòmasyon ki egzijè pou w depoze yon plent pou mande pwosedir jis oswa yon plent Eta. Ou ka jwenn modèl fòmilè Eta a nan <http://www.p12.nysed.gov/specialed/>. Y ap fè w jwenn kopi fòmilè yo si w kontakte distri lekòl ou an osinon NYSED, P-12 Education: Office of Special Education nan 518-473-2878.

## **MEDYASYON**

---

### **34 CFR seksyon 300.506; 8 NYCRR seksyon 200.5(h)**

#### **Jeneralite**

Distri lekòl la dwe mete medyasyon disponib pou pèmèt oumenm ak distri lekòl la rezoud dezakò ki konsènen nenpòt afè dapre Pati B IDEA a, e afè ki rive anvan plent pou mande yon pwosedir jis la depoze ladan tou. Pakonsekan, medyasyon disponib pou rezoud diskisyon suivan Pati B IDEA a, kèlkanswa ou te depoze oswa ou pa te depoze yon plent pou pwosedir jis pou w mande yon odyans pou jistis ekitab jan li dekri nan tit **Pou depoze yon plent pou mande yon pwosedir jis** la.

#### **Obligasyon**

Pwosedir yo dwe asire ke pwosesis medyasyon an:

1. volontè bòkote pa w ak bòkote pa distri lekòl la;
2. pa sèvi pou refize oswa pran reta sou dwa ou genyen pou yon odyans pou jistis ekitab, osinon pou refize ankenn lòt dwa ou genyen dapre Pati B IDEA a; **epi**

3. fèt anba direksyon medyatè kalifye ki pa nan patipri, epi ki gen fòmasyon nan teknik bon jan medyasyon.

Distri lekòl la kapab devlope pwosedi ki ofri paran ak lekòl ki deside pa sèvi ak pwosesis medyasyon, yon okazyon pou yo rankontre, nan yon lè ak yon kote ki bon pou yo, avèk yon pati ki pa gen enterè nan sa:

1. ki gen kontra ak Sant kominotè pou rezoud konfli (Community Dispute Resolution Center) (CDRC); **e**
2. ki pral eksplike avantaj yo e ankouraje w sèvi ak pwosesis medyasyon an.

Eta Nouyòk sèvi ak medyatè kalifye CDRC fòme, epi ki konnen lwa ak règleman ki gen rapò ak founiti edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal. CDRC yo chwazi medyatè yo owaza, youn apre lòt oswa sou lòt baz san patipri.

### **Aranjman pou pwosesis medyasyon**

Aranjman pou medyasyon fèt ak CDRC yo avèk distri lekòl la. Eta a reskonsab frè pwosesis medyasyon an, ansanm ak frè pou reyinyon yo.

Tout reyinyon pwosesis medyasyon an dwe pwograme nan yon fason apwopriye e fèt yon kote ki bon pou oumenm ak distri lekòl la.

### **Akò pou medyasyon**

Si oumenm ak distri lekòl la rezoud yon konfli nan pwosesis medyasyon, toude pati yo dwe angaje nan yon akò ki lye yo legalman ki prezante rezolisyon an e ki:

1. deklare tout diskisyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an pral rete konfidansyèl e yo pa kapab sèvi kòm prèv nan okenn odyans pou jistis ekitab oswa pousuit sivil pi devan; **epi**
2. gen siyati oumenm ak yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou angaje distri lekòl la.

Yon akò medyasyon alekri ki siyen ka aplike nan nenpòt tribinal Eta a ki gen konpetans pou ka sa a (yon tribinal ki gen otorite dapre lwa Eta a pou l tande kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal premye enstans Etazini.

Diskisyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an dwe konfidansyèl. Yo pa kapab sèvi kòm prèv nan okenn odyans pou jistis ekitab oswa pousuit sivil pi devan nan okenn tribinal federal oswa tribinal Eta pou yon Eta ki resevwa asistans dapre Pati B IDEA a.

### **Medyatè enpasyal**

Medyatè a:

1. pa kapab yon anplwaye nan yon biwo Leta pou edikasyon ni anplwaye nan yon lekòl ki konsènen nan edikasyon oswa swen timoun ou an; **eli**
2. pa dwe gen yon enterè pèsonèl oubyen pwofesyonèl ki fè medyatè a pa objektif.

Epitou, yon moun ki kalifye kòm medyatè pa konsidere tankou yon anplwaye yon distri lekòl oswa biwo leta sèlman paske biwo a oswa distri lekòl la peye l pou sèvi kòm medyatè.

## **PLASMAN TIMOUN LAN PANDAN PLENT POU MANDE PWOSEDI JIS AK ODYANS LAN POKO DESIDE (PENDENCY)**

### **34 CFR seksyon 300.518; 8 NYCRR seksyon 200.5(m)**

Sòf endikasyon kontrè ki anba la a nan tit *PWOSEDI LÈ Y AP PRAN MEZI DISIPLIN KONT TIMOUN KI GEN ANDIKAP*, depi yon plent pou mande yon pwosedir jis ekspedye ba lòt pati a, timoun ou an dwe rete nan plasman edikasyonèl li genyen nan moman an padan peryòd pwosesis pou jwenn solisyon an ak padan n ap tann desizyon yon odyans pou jistis ekitab oswa desizyon pwosedir jidisyè, sòf si oumenm ak distri lekòl la oswa oumenm ak fonksyonè leta pou verifikasyon an (State Review Officer) dakò yon lòt jan.

Si pwosedir pou jistis ekitab la konsènen konsantman pou yon premye evalyasyon, timoun ou an p ap evalye pandan pwosedir an poko deside.

Si pwosedir pou jistis ekitab la konsènen yon aplikasyon pou yon premye admisyon nan lekòl piblik, timoun ou an, avèk konsantman pa w, dwe plase nan pwogram regilye lekòl piblik la jiskaske tout kalite pwosedir sa yo fini.

Yon timoun ki te resevwa sèvis edikasyon espesyal prematènèl e ki kounye a gen laj pou l ale lekòl kapab, pandan odyans ak apèl yo ap fèt, rete nan menm pwogram ak pwogram pre-matènèl la si pwogram sa a gen ladan tou yon pwogram edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl ki apwouve.

Pandan odyans ak apèl yo, si timoun ou ki nan jadendanfan p ap resevwa sèvis ak pwogram edikasyon espesyal nan moman an, li kapab resevwa sèvis ak pwogram edikasyon espesyal si oumenm ak distri lekòl la dakò.

Si plent pou mande yon pwosedir jis la konsènen yon aplikasyon pou premye sèvis dapre Pati B IDEA a pou yon timoun k ap travèse soti nan sèvis dapre Pati C IDEA a (Sèvis entèvansyon byen bonè [Early Intervention Services]) pou ale nan Pati B IDEA (Sèvis edikasyon espesyal depi jadendanfan [Preschool Special Education Services]) e ki pa kalifye ankò pou sèvis Pati C yo paske timoun lan vin gen twazan, distri lekòl la pa oblije bay sèvis Pati C yo ke timoun lan t ap resevwa yo. Si yo jwenn timoun lan kalifye dapre Pati B IDEA epi ou dakò pou timoun lan resevwa pou premye fwa edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal, lè sa a, annatandan rezilta pwosedir yo, distri lekòl la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal ki pa an diskisyon yo (sa oumenm ak distri lekòl la dakò sou yo a).

Yon timoun ki te resevwa sèvis entèvansyon pou timoun piti e ki pa nan laj prematènèl kapab, pandan odyans oswa apèl ap fèt, resevwa edikasyon espesyal nan menm pwogram ak sèvis entèvansyon pou timoun piti a si pwogram lan tou se yon pwogram prematènèl yo apwouve.

## **PWOSESIS POU JWENN YON SOLISYON**

### **34 CFR seksyon 300.510; 8 NYCRR seksyon 200.5(j)**

#### **Reyinyon pou jwenn yon solisyon**

Anvan 15 jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou mande pwosedir jis la, e anvan odyans pou jistis ekitab la kòmanse, distri lekòl la dwe òganize yon reyinyon avèk

oumenm e manm konpetan CES oswa CPSE (yo) ki gen konesans espesyal sou bagay ki idantifye nan plent pou mande yon pwosedi jis ou an. Reyinyon an:

1. dwe genyen yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou pran desizyon sou non distri lekòl la; **e**
2. pa dwe genyen yon avoka distri lekòl la sòf si w gen yon avoka ki la avèk ou.

Oumenm ansanm ak distri lekòl la deside manm konpetan CSE oubyen CPSE ki pou nan reyinyon an.

Bi reyinyon an se pou ou diskite plent pou mande yon pwosedi jis ou an, ansanm ak rezon ki fòme baz plent lan, dekwa pou distri lekòl la gen mwayen pou rezoud konfli a.

Reyinyon pou jwenn yon solisyon an pa nesèsè si:

1. oumenm ak distri lekòl la dakò alekri pou renonse pou gen reyinyon an; **oubyen**
2. oumenm ak distri lekòl la dakò sèvi ak pwosesis medyasyon an, jan li dekri nan tit **Medyasyon** an.

Yon distri lekòl dwe fè efò ki rezonab pou jwenn patisipasyon w nan reyinyon pou jwenn yon solisyon an.

### **Delè pou jwenn yon solisyon**

Si distri lekòl la pa te rezoud plent pou pwosedi jis la nan gou w anvan 30 jou sivil fin pase apre resepsyon plent pou pwosedi jis la (pandan delè pwosesis pou jwenn yon solisyon an), ka a kapab ale nan odyans pou jistis ekitab.

Delè 45 jou sivil la pou elèv ki gen laj lekòl ak delè 30 jou sivil pou elèv jadendanfan, pou pran yon desizyon final la, kòmanse lè peryòd 30 jou sivil pou jwenn solisyon an fini, avèk kèk eksepsyon pou modifikasyon ki fèt sou peryòd 30 jou sivil pou jwenn yon solisyon an, jan sa dekri anba la a.

Eksepte lè oumenm ak distri lekòl la, nou toude dakò renonse pou pwosesis pou jwenn yon solisyon an fèt, oswa nou sèvi ak medyasyon, **si w pa patisipe nan reyinyon pou jwenn yon solisyon an, sa ap retade delè pou pwosesis pou jwenn solisyon an ak odyans pou jistis ekitab la jiskaske ou dakò patisipe nan yon reyinyon.** Si w deside pa vini nan reyinyon pou jwenn solisyon an, yon fonksyonè odyans san patipri (IHO) kapab anile odyans san patipri w lan.

Si apre li fè efò rezonab e li dokimante efò sa yo, distri lekòl la pa kapab jwenn patisipasyon w nan reyinyon pou jwenn yon solisyon an, distri lekòl la kapab, lè peryòd 30 jou sivil pou jwenn solisyon an fini, mande pou yon fonksyonè odyans san patipri (IHO) anile plent pou mande yon pwosedi jis ou an. Dokimantasyon efò sa yo dwe gen ladan rapò tantativ distri lekòl la fè pou tabli yon lè ak yon kote nou toude dakò sou yo, tankou:

1. rapò detaye sou koutfil yo te fè oswa yo te eseye fè ak rezilta apèl sa yo;
2. kopi lèt yo te voye ba ou yo ak kèlkanswa repons yo te resevwa; ak
3. rapò an detay sou vizit yo te fè lakay ou oswa kote w ap travay la, ak rezilta vizit sa yo.



Si distri lekòl la pa òganize reyinyon pou jwenn yon solisyon an anvan 15 jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou mande yon pwosedi jis ou an **oubyen** li pa patisipe nan reyinyon pou jwenn solisyon an, ou kapab mande yon fonksyonè odyans pou li pase lòd pou kòmanse delè 45 jou sivil pou odyans jistis ekitab pou elèv ki gen laj lekòl la (oswa delè 30 jou sivil pou odyans jistis ekitab pou elèv jadendanfan an).

### **Modifikasyon sou delè 30 jou sivil pou jwenn solisyon an**

Si oumenm ansanm ak distri lekòl la dakò renonse alekri pou reyinyon pou jwenn solisyon an fèt, lè sa delè 45 jou sivil pou odyans pou jistis ekitab pou elèv ki gen laj lekòl la (oswa 30 jou sivil pou jadendanfan) kòmanse nan jou sivil ki apre a.

Aprè kòmansman medyasyon an oubyen reyinyon pou jwenn solisyon an, epi anvan fen delè 30 jou sivil pou jwenn solisyon an, si oumenm ak distri lekòl la dakò alekri pa gen antant ki posib, lè sa delè 45 jou sivil pou odyans pou jistis ekitab pou elèv ki gen laj lekòl la, oswa 30 jou sivil pou jadendanfan an, kòmanse nan jou sivil ki apre a.

Si oumenm ansanm ak distri lekòl la dakò sèvi ak pwosesis medyasyon, nan fen delè 30 jou sivil pou jwenn solisyon an, toude pati yo kapab dakò alekri kontinye medyasyon an jiskaske yo rive nan yon antant. Sepandan, si swa oumenm oubyen distri lekòl la kite pwosesis medyasyon an, lè sa a, delè 45 jou sivil oswa 30 jou sivil pou odyans pou jistis ekitab la kòmanse nan jou sivil ki apre a.

### **Akò ekri**

Si nou jwenn yon solisyon pou konfli a nan reyinyon pou jwenn solisyon an, oumenm ak distri lekòl la dwe angaje nou nan yon akò ki lye nou legalman:

1. ki gen siyati pa w ak siyati yon reprezantan distri lekòl la ki gen otorite pou angaje distri lekòl la siyen; **e**
2. ke nenpòt tribinal Eta a ki gen konpetans pou ka sa a (yon tribinal Eta a ki gen otorite pou l tande kalite ka sa a) oswa yon tribinal premye enstans Etazini kapab aplike.

### **Peryòd pou revizyon akò**

Si oumenm ak distri lekòl la antre nan yon akò kòm rezilta yon reyinyon pou jwenn yon solisyon, yonn oswa lòt nan pati yo (oumenm oubyen distri lekòl la) kapab anile akò a anvan twa jou ouvrab fin pase apre lè oumenm ansanm ak distri lekòl la nou toude te siyen akò a.

**ODYANS PLENT POU MANDE YON PWOSEDI JIS****ODYANS POU JISTIS EKITAB SAN PATIPRI****34 CFR seksyon 300.511; 8 NYCRR seksyon 200.1(x), 200.5(i) ak (j)****Jeneralite**

Chak fwa yon plent pou mande yon pwosedè jis depoze, oumenm oswa distri lekòl ki angaje nan konfli a dwe gen chans pou yon odyans pou jistis ekitab san patipri, jan li dekri nan seksyon **Plent pou mande yon pwosedè jis** ak seksyon **Pwosedè pou jwenn yon solisyon an**. Distri lekòl la nonmen fonksyonè odyans san patipri a dapre non ki nan lis woulman an. Fonksyonè odyans san patipri an òganize odyans san patipri a.

**Fonksyonè odyans san patipri [impartial hearing officer] (IHO)**

Pou pi piti, men kondisyon yon IHO dwe satisfè:

1. pa kapab yon anplwaye nan yon biwo Leta pou edikasyon ni anplwaye nan yon lekòl ki konsènan nan edikasyon oswa swen timoun ou an. Men, yon moun pa yon anplwaye biwo a paske tou senpleman biwo a peye l pou sèvi sèlman kòm fonksyonè odyans;
2. pa dwe gen yon enterè pèsone oubyen pwofesyonèl ki fè fonksyonè a pa objektif nan odyans lan;
3. dwe konnen e konprann dispozisyon IDEA yo, ansanm ak règleman federal ak règleman Eta Nouyòk ki anrapò ak IDEA, epitou entèpretasyon legal tribinal federal ak tribinal Eta yo fè ak IDEA; **epi**
4. dwe gen konesans ak kapasite pou fè odyans, ak pran e ekri desizyon, annakò ak pratik legal nòmal e apwopriye.

Chak lekòl dwe konsève yon lis moun sa yo ki sèvi kòm IHO.

**Matyè nan odyans pou jistis ekitab**

Pati (oumenm oubyen distri lekòl la) ki mande odyans pou jistis ekitab la pa kapab souleve lòt pwoblèm nan odyans pou jistis ekitab la ki pa te abòde nan avi plent pou mande yon pwosedè jis la, sòf si lòt pati a dakò ak sa.

**Delè pou mande yon odyans**

Oumenm oswa distri lekòl la dwe mande yon odyans san patipri pou yon plent pou mande pwosedè jis anvan dezan fin pase depi dat oumenm oswa distri lekòl la te konnen oswa ta dwe konnen pwoblèm ki abòde nan plent lan.

**Eksepsyon ki gen nan delè a**

Delè ki anwo la a pa aplike pou ou si li pa te posib pou w depoze yon plent pou mande yon pwosedè jis paske:

1. distri lekòl la te fè w konprann espesyalman li te rezoud pwoblèm oswa pwen w ap souleve nan plent ou an; **oubyen**
2. distri lekòl la te kenbe enfòmasyon li gen obligasyon bay ou dapre Pati B IDEA a.

## DWA POU ODYANS

---

### 34 CFR seksyon 300.512; 8 NYCRR seksyon 200.5(j)

#### Jeneralite

Nenpòt pati ki nan odyans pou jistis ekitab (odyans anrapò ak pwosedi disiplinè ladan tou) oswa ki nan apèl, jan sa dekri nan soutit **Apèl kont desizyon yo; revizyon *enpasyal*** gen yon dwa pou:

1. yon avoka ak/oubyen moun ki gen konesans oswa fòmasyon espesyal sou pwoblèm timoun ki gen andikap vini avèk li e bay li konsèy;
2. prezante prèv e konfwonte, entèwoje temwen an apre l te fin reponn kesyon epi mande prezans temwen;
3. entèdi yo vini nan odyans ak kenenpòt prèv yo pa te devwale ba lòt pati a omwen senk jou ouvrab anvan odyans lan;
4. resevwa yon rapò odyans lan alekri mo-pou-mo oswa kopi elektwonik si w chwazi sa; **e**
5. resevwa rezilta sa yo jwenn kòm prèv ak desizyon yo alekri oswa elektwonik, si w chwazi sa.

#### Lòt devwalman enfòmasyon

Omwen senk jou ouvrab anvan yon odyans pou jistis ekitab, oumenm oubyen distri lekòl la dwe devwale yonn ba lòt tout evalyasyon ki te fin fèt nan dat sa a ak rekòmasyon ki baze sou evalyasyon sa yo ke oumenm oswa distri lekòl la gen entansyon itilize nan odyans lan.

Yon IHO kapab anpeche kenenpòt pati ki pa te respekte egzijans sa a vini avèk enfòmasyon oswa rekòmasyon sa a nan odyans lan san konsantman lòt pati a.

#### Dwa paran yo nan odyans

Yo dwe bay ou dwa pou:

1. timoun ou prezan;
2. fè moun deyò asiste odyans lan;
3. ba ou rapò odyans lan, sa yo te jwenn kòm prèv ak desizyon yo san w pa peye; **e**
4. gen sèvis yon moun ki entèprete pou moun ki pa tande oswa yon entèprèt ki pale lang natifnatal ou trè byen, si l nesèsè, san w pa peye.

## DESIZYON ODYANS YO

---

### 34 CFR seksyon 300.513; 8 NYCRR seksyon 200.5(j)

#### Desizyon fonksyonè odyans lan

Desizyon yon IHO pou di si pitit ou te resevwa FAPE dwe chita sou baz solid.

Nan afè ki pretann te gen vyolasyon yon pwosedì, yon IHO gen dwa jwenn timoun ou pa te resevwa FAPE sèlman si pwosedì ensifizan an:

1. te anpyete sou dwa timoun ou an genyen pou l jwenn FAPE;
2. te anpyete anpil sou opòtinite pou w patisipe nan pwosesis desizyon konsènan founiti FAPE ba timoun ou an; **oubyen**
3. anpeche timoun lan jwenn yon benefis edikasyon.

### Dispozitif entèpretasyon

Yo pa ka entèprete okenn nan dispozisyon ki dekri anwo la yo pou anpeche yon IHO òdone yon distri lekòl respekte egzijans ki nan seksyon pwosedì pou suiv pou defann dwa ki nan règleman federal yo dapre Pati B IDEA a (34 CFR seksyon 300.500 rive nan 300.536).

Okenn nan dispozisyon nan tit: ***Pou depoze yon plent pou mande yon pwosedì jis; Plent pou mande yon pwosedì jis; Modèl fòmilè; Pwosesis jwenn yon solisyon; Odyans pou jistis ekitab san patipri; Dwa pou odyans; ak Desizyon odyans yo*** (34 CFR seksyon 300.507 rive nan 300.513), pa kapab afekte dwa ou genyen pou mande SRO a (Fonksyonè leta pou verifikasyon) yon apèl kont desizyon yon odyans pou jistis ekitab (gade nan tit **Apèl - Finalite (irevokablite) desizyon**).

### Demann apa pou yon odyans pou jistis ekitab

Yo pa ka entèprete anyen nan seksyon garanti pwosedì règleman federal yo dapre Pati B IDEA a (34 CFR seksyon 300.500 rive nan 300.536) pou anpeche w depoze yon plent pou mande yon pwosedì jis apa pou yon pwoblèm ki separe ak plent pou mande yon pwosedì jis ki deja depoze a.

**APÈL****FINALITE (IREVOKABLITE) DESIZYON; APÈL; REVIZYON SAN PATIPRI****34 CFR seksyon 300.514; 8 NYCRR seksyon 200.5(k)****Finalite (irevokablite) desizyon odyans lan**

Yon desizyon ki pran nan yon odyans pou jistis ekitab se desizyon final (odyans anrapò ak pwosedir disiplinè ladan tou), men, kennepòt pati ki konsènen nan odyans la (oumenm oubyen distri lekòl la) kapab fè apèl kont desizyon an bòkote Biwo leta pou revizyon (Office of State Review) nan NYSED.

**Apèl kont desizyon IHO yo nan nivo-Eta**

Desizyon IHO a pran an se yon desizyon final sòf si oumenm oswa distri lekòl la mande SRO a (Fonksyonè leta pou verifikasyon) fè revizyon desizyon IHO a (sa yo rele apèl). Si ou vle fè apèl kont desizyon IHO a devan SRO a, ou dwe voye ba distri lekòl la yon Avi sou entansyon w pou mande rekonsidere desizyon an (Fòmilè A) pa pita pase 10 jou anvan Avi pou Demann lan (Fòmilè B), e **anvan 25 jou fin pase apati dat desizyon IHO**. Ou dwe remèt petisyon an fas-a-fas ba distri lekòl la **nan 35 jou apati dat desizyon IHO**. Si yo te remèt desizyon IHO ba moun ki fè petisyon an pa lapòs, ou dwe retire dat ekspedisyon an plis kat lòt jou nan kalkil peryòd 35 jou a. SRO a pral:

1. pran yon dènye desizyon anvan 30 jou sivil fin pase. SRO a ka akòde yon ekstansyon apre 30 jou yo si oumenm oswa distri lekòl la mande l. Ekstansyon an dwe pou yon kantite tan presi.
2. voye pa lapòs kopi ekri oswa kopi elektwonik, si w vle, sou sa ki te konstata ak sou desizyon ki pran ba oumenm oswa ba avoka w lan ak ba Konsèy Edikasyon an (BOE) pandan peryòd 30 jou a.

Ou ka jwenn règleman sou jan pou w fè apèl bòkote SRO a nan: <http://www.sro.nysed.gov>.

Si gen yon apèl, SRO a dwe fè yon revizyon sou konklizyon ak desizyon yo mande apèl kont yo a san patipri. Fonksyonè k ap fè revizyon an dwe:

1. egzamine tout dosye odyans lan okonplè;
2. asire ke pwosedir yo nan odyans la te annakò ak kondisyon yon odyans pou jistis ekitab;
3. chèche prèv anplis si sa nesesè. Si yon odyans fèt pou ranmase lòt prèv anplis, dwa odyans yo ki dekri anwo la a nan tit **Dwa pou odyans** aplike;
4. bay pati yo yon okazyon pou soutni prèv aloral oswa alekri, oubyen toude, si yon ofisyèl k ap fè revizyon an deside;
5. pran yon desizyon endepandan lè revizyon an fini; **epi**
6. bay oumenm ak distri lekòl la yon rapò alekri sou sa yo jwenn kòm prèv ak desizyon yo, oswa yon rapò elektwonik si w chwazi sa.

**Finalite (irevokablite) desizyon revizyon an**

Desizyon yon SRO pran pa ka anile amwenske oumenm oswa distri lekòl la fè yon aksyon sivil jan li dekri anba la a.

**DELÈ E AVANTAJ ODYANS AK REVIZYON****34 CFR seksyon 300.515; 8 NYCRR seksyon 200.5(j) ak 200.16(h)**

Distri lekòl la dwe asire ke, pa pita pase 45 jou sivil pou elèv ki gen laj pou ale lekòl oswa 30 jou sivil pou elèv ki nan jadendanfan, lè peryòd 30 jou sivil pou jwenn yon solisyon an fini **oubyen**, jan li dekri nan soutit **Modifikasyon sou peryòd pou jwenn yon solisyon 30 jou sivil la**, pa pita pase 45 jou sivil pou elèv ki gen laj lekòl oswa 30 jou sivil pou elèv jadendanfan lè peryòd yo te modifiye a fini:

1. gen yon desizyon final ki jwenn pou odyans lan; **e**
2. yo voye yon kopi desizyon an pa lapòs ba oumenm ak distri lekòl la.

SRO a dwe asire ke, pa pita pase 30 jou sivil apre resepsyon yon demann revizyon:

1. gen yon desizyon final ki jwenn pou revizyon an; **e**
2. yo voye yon kopi desizyon an pa lapòs ba oumenm ak distri lekòl la.

Yon IHO oswa yon SRO kapab akòde pwolonjman tan espesyal ki depase peryòd ki dekri anwo la a (delè 45 jou sivil pou desizyon odyans pou elèv laj lekòl oswa 30 jou sivil pou jadendanfan ak delè 30 jou sivil pou desizyon SRO a) si oumenm oubyen distri lekòl la fè demann yon pwolonjman espesyal delè a.

Tout odyans ak revizyon ki gen ladan prèv aloral dwe fèt nan yon dat ak yon kote ki ap bon pou ou ak pitit ou.

**AKSYON SIVIL ANSANM AK DELÈ POU DEPOZE AKSYON SA YO****34 CFR seksyon 300.516; 8 NYCRR seksyon 200.5(k)****Jeneralite**

Kenenpòt pati (oumenm oubyen distri lekòl la) ki pa dakò avèk konklizyon ak desizyon revizyon fi fèt nan nivo Eta gen dwa pou mennen yon desizyon sivil konsènan afè ki te ale nan odyans pou jistis ekitab la (odyans anrapò ak pwosedè disiplinè ladan tou). Aksyon an ka fèt nan yon tribinal Eta a ki gen konpetans pou ka sa a (yon tribinal Eta a ki gen otorite pou l tande kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal premye enstans Etazini san konsidere montan ki nan konfli a.

**Delè**

Pati k ap mennen aksyon an (oumenm oubyen distri lekòl la) gen kat mwa apatide dat desizyon SRO a pou li depoze yon aksyon sivil.

## Lòt pwosedir anplis

Nan tout aksyon sivil, tribinal la:

1. resevwa dosye pwosedir administratif yo;
2. tande prèv anplis lè oumenm oswa distri lekòl la mande sa; **epi**
3. tabli desizyon li sou prèv ki gen plis pwa e bay reparasyon tribinal jwenn ki apwopriye.

## Konpetans tribinal premye enstans yo.

Tribinal premye enstans Ozetazini gen otorite deside sou aksyon ki mennen dapre Pati B IDEA a san konsidere montan ki nan konfli a.

## Règleman entèpretasyon

Anyen nan Pati B IDEA a pa restrenn oswa limite dwa, pwosedir ak rekou ki disponib dapre Konstitisyon Etazini [U.S. Constitution], Lwa 1990 pou Moun Andikape nan Etazini [Americans with Disabilities Act of 1990], Tit senk Lwa 1973 sou Reyabilitasyon [Title V of the Rehabilitation Act of 1973] (Seksyon 504), oubyen lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap. Sepandan, anvan yon pati depoze yon desizyon sivil dapre lwa sa yo pou chèche reparasyon ki disponib tou dapre Pati B IDEA a, li dwe fin sèvi ak pwosedir pou jistis ekitab yo ki dekri anwo la a nan menm degre li ta dwe fèt si pati a te depoze desizyon an dapre Pati B IDEA. Sa vle di ou kapab gen rekou ki disponib dapre lòt lwa ki kouvri anpati rekou sa yo ki disponib dapre IDEA, men anjeneral, pou w jwenn reparasyon dapre lòt lwa sa yo, ou dwe toudabò sèvi ak rekou administratif dapre IDEA a (sa vle di pwosedir plent pou mande yon pwosedir jis, reyinyon pou jwenn solisyon ak odyans pou jistis ekitab san patipri) anvan w ale dirèkteman nan tribinal.

## FRÈ AVOKA

### 34 CFR seksyon 300.517

#### Jeneralite

Nan kenenpòt desizyon oswa pwosedir ki fèt dapre Pati B IDEA a, si ou genyen, tribinal la, se li ki pou deside, kapab akòde w frè avoka ki rezonab nan sa ou depanse.

Nan kenenpòt desizyon oswa pwosedir ki fèt dapre Pati B IDEA a, tribinal la, se li ki pou deside, kapab akòde yon distri lekòl ki genyen, frè avoka ki rezonab nan sa li depanse, oswa fè avoka w la peye NYSED si avoka a: (a) te depoze yon plent oswa tanmen yon pwosè tribinal jwenn ki pa serye, ki pa rezonab oubyen ki san fonman; **oubyen** (b) kontinye ap plede alòske li klè diskisyon an vin pa serye, li vin pa rezonab oubyen li vin san fonman. **oswa**

Nan nenpòt desizyon oswa pwosedir ki fèt dapre Pati B IDEA a, tribinal la, se li ki pou deside, kapab akòde yon biwo Leta pou Edikasyon (SEA) oswa yon distri lekòl ki ranpòte laviktwa, frè avoka ki rezonab pou sa yo depanse, pou oumenm oswa avoka w peye, si demann ou an pou yon odyans jistis ekitab oswa yon pwosè pi devan te

prezante nan yon bi ki pa kòrèk, tankou pou kontrarye, lakòz reta ki pa nesèsè oswa pou ogmante frè aksyon an oswa pwosedi a san nesèsite.

### Desizyon pou peye frè

Yon tribinal akòde frè avoka ki rezonab nan fason sa a:

1. Frè yo dwe baze sou tarif abityèl nan kominote kote desizyon oswa odyans lan te kòmanse a pou tip ak kalite sèvis ki bay yo. Prim oswa miltiplikatè pa kapab antre nan kalkil frè y ap akòde yo.
2. Yo pa kapab akòde w frè e yo pa kapab ranbouse lajan ke w te depanse nan yon desizyon oswa pwosedi dapre Pati B IDEA a pou sèvis ki fèt apre yon règleman alamyab alekri yo ofri w, si:
  - a. òf la fèt nan delè ki preskri nan Règ nimewo 68 règleman federal pwosedi sivil [Rule 68 of the Federal Rules of Civil Procedure] oswa, nan ka yon odyans pou jistis ekitab oswa yon revizyon nan nivo Eta, kenenpòt lè ki plis pase 10 jou sivil anvan pwosedi a kòmanse;
  - b. òf la pa aksepte anvan 10 jou sivil fin pase; **epi**
  - c. tribinal la oswa fonksyonè odyans administratif la jwenn reparasyon ou fini pa jwenn lan pa pi anfavè pase òf règleman alamyab la.

Malgre limit sa yo, ou ka resevwa frè avoka ak lajan w te depanse si w genyen epi ou te gen rezon aklè rejte òf règleman alamyab la.

3. Yo pa kapab akòde frè anrapò ak kèlkeswa reyinyon CSE oswa CPSE sòf si reyinyon an fèt poutèt yon pwosedi administratif oswa yon desizyon lajistis. *Yo pakab bay frè tou pou yon medyasyon jan li dekri nan tit Medyasyon an.*

Jan li dekri nan tit **Reyinyon pou jwenn yon solisyon an**, yo pa konsidere yon reyinyon pou jwenn yon solisyon kòm yon reyinyon ki òganize poutèt yon odyans administratif oswa yon desizyon lajistis, e yo pa konsidere li tou kòm yon odyans administratif oswa yon desizyon lajistis pou bay frè avoka sa yo.

Tribinal la diminye, si sa nesèsè, montan frè avoka yo akòde dapre Pati B IDEA si li dekouvri:

1. oumenm oubyen avoka w la te retade san rezon solisyon final konfli a pandan desizyon oswa pwosedi t ap fèt;
2. montan frè avoka ki otorize bay depase nèt tarif pa èdtan abityèl nan kominote a pou menm kalite sèvis yo ke avoka ki gen menm konpetans, renome ak eksperyans abitye bay;
3. kantite tan ki pran ak sèvis legal ki bay yo te twòp parapò ak nati desizyon oswa pwosedi a; **oubyen**
4. avoka ki reprezante w la pa te bay distri lekòl la enfòmasyon apwopriye nan avi pou mande odyans pou jistis ekitab la jan li dekri nan tit **Plent pou mande yon pwosedi jis la**.



Men, tribinal la pa kapab diminye frè yo si tribinal la dekouvri distri lekòl la oswa Eta a te retade desizyon final aksyon oswa pwosedè a san rezon oubyen te gen yon vyolasyon dapre dispozisyon garanti pwosedè Pati B IDEA a.

## PWOSEDI LÈ Y AP PRAN MEZI DISIPLINÈ KONT TIMOUN KI GEN ANDIKAP

### OTORITE PÈSONÈL LEKÒL LA

#### 34 CFR seksyon 300.530; 8 NYCRR seksyon 201.2 - 201.7

#### Desizyon ka pa ka

Si yon timoun ki gen andikap vyole kòd konduit pou elèv yo, lè pèsonèl lekòl la ap decide si yon chanjman plasman bon pou timoun lan, ke l ap fè konfòmeman ak egzijans ki pral site la yo konsènan disiplin, pèsonèl lekòl la dwe egzamine chak sikonstans sou yon baz ka pa ka.

#### Jeneralite

Pwosedi pou disiplin elèv ki gen andikap dwe fèt konfòmeman ak seksyon 3214 Lwa sou edikasyon [Education Law] ak Pati 201 Règleman komisè edikasyon an [Regulations of the Commissioner of Education]. Alòske lekòl la gen dwa ranvwaye oswa mete pitit ou an deyò si l vyole kòd konduit lekòl la, oumenm ak pitit ou an gen sèten dwa pandan pwosesis sa a.

#### Dwa ki aplike pou tout elèv

1. Pou yo enfòme elèv la tousuit pa telefòn, si posib, ak ba li yon avi alekri anvan 24 èdtan fin pase pou fè l konnen mezi yo gen entansyon pran pou ranvwaye elèv la pou 5 jou lekòl oswa mwens. Yo dwe esplike ensidan an nan avi a, pou konbyen tan y ap ranvwaye pitit ou a ak dwa l genyen yo. Ou gen dwa mande yon reyinyon tou ki pa ofisyèl ak direktè lekòl la, ki pral fèt anvan yo ranvwaye pitit ou a sòf si prezans timoun lan nan lekòl la poze yon danje (nan ka sa a konferans la ka fèt apre yo ranvwaye pitit ou an).
2. Pou w resevwa yon avi alekri ki anonse opòtinite ou gen pou yon odyans ak Direktè chèf lekòl la, si ranvwa a ap dire plis pase 5 jou lekòl yonn apre lòt, ki esplike dwa pitit ou a pou l gen yon konsèy defans ak prezante e poze temwen kesyon.
3. Pou pitit ou an resevwa ansèyman ranplasman pandan 10 premye jou yo ranvwaye oswa mete l deyò a menm jan ak elèv ki pa gen andikap yo si pitit ou a gen laj obligatwa pou l ale lekòl.

#### Dwa ki aplike pou elèv ki gen andikap

Si yo pran menm desizyon sa yo tou kont timoun ki pa gen andikap, pèsonèl lekòl la kapab, pa pou plis pase **10 jou lekòl** yonn apre lòt, retire yon elèv ki gen andikap ki vyole kòd konduit pou elèv nan plasman li ye kounye a pou mete l nan yon lòt anviwonman pwovizwa pou edikasyon ki apwopriye [Interim alternative educational setting] (IAES) ke CSE oswa CPSE timoun lan ap decide, nan yon lòt enstitisyon, oswa ranvwaye l. Pèsonèl lekòl la kapab egzije tou pandan yon menm ane akademik lòt ranvwa anplis pou timoun lan, ki pa depase **10 jou lekòl** yonn apre lòt, pou lòt ensidan

move konduit apa, toutotan ranvwa sa yo pa reprezante yon chanjman plasman (gade definisyon an anba la a , **Chanjman plasman poutèt ranvwa pou disiplin** ).

Depi yo retire yon timoun ki gen andikap nan plasman li ladan nan moman an pou **10 jou lekòl** antou nan menm ane lekòl la, distri lekòl la dwe ba l sèvis nan degre ki egzije anba la a nan soutit **Sèvis** la pandan tout jou apre ranvwa a nan ane akademik sa a.

### Lòt pouvwa anplis

Si konpòtman ki vyole kòd konduit elèv la pa te yon manifestasyon andikap timoun lan (gade **Detèminasyon siy andikap** anba la a) epi chanjman plasman pou disiplin lan te pral depase **10 jou lekòl** yonn apre lòt, pèsonèl lekòl la kapab aplike pwosedi disiplinè kont timoun ki gen andikap sa a nan menm fason ak pou menm kantite tan li ta aplike l pou timoun ki pa gen andikap, men lekòl la dwe fè timoun sa a jwenn sèvis jan li dekri anba la a nan **Sevis**. CSE oswa CPSE timoun lan deside IAES la pou sèvis sa yo.

### Sèvis

Sèvis yo dwe bay yon timoun ki gen andikap ke yo te retire nan plasman li ye nan moman an dwe fèt nan yon IAES.

Yon distri lekòl oblije bay sèvis pou yon timoun ki gen yon andikap ke yo te retire nan plasman li te ye nan moman an pandan **10 jou lekòl oswa mwens** nan ane akademik sa a sèlman si li bay sèvis yo pou yon timoun ki pa gen andikap ke yo te retire nan menm yon menm fason.

Nan Eta Nouyòk, distri lekòl la dwe founi enstriksyon ranplasman ba yon elèv ki gen andikap ke yo te ranvwaye pou mwens pase 10 jou nan yon ane akademik si elèv la gen laj obligatwa pou l ale lekòl. Si elèv la pa nan laj obligatwa pou l ale lekòl, yo dwe bay enstriksyon ranplasman si yo founi menm sèvis sa yo pou elèv ki pa gen andikap yo.

Kondisyon sèvis edikasyon pandan 10 premye jou ranvwa nan yon ane akademik pou elèv ki gen andikap se menm jan yo ye pou elèv ki pa gen andikap yo. Nan Eta Nouyòk yo dwe founi enstriksyon ranplasman pandan omwen inèdtan chak jou pou yon elèv klas primè ak pandan dezèdtan pou elèv klas segondè. Si yo ranvwaye yon elèv ki pa yon elèv ki gen laj obligatwa pou l ale lekòl, distri lekòl la pa oblije bay elèv la enstriksyon ranplasman amwenske yo bay enstriksyon an tou pou elèv ki pa gen andikap yo.

Yon timoun ki gen yon andikap yo retire nan plasman li ye nan moman an pou **plis pase 10 jou lekòl** dwe:

1. kontinye resevwa sèvis edikasyon, dekwa pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan pwogram etid jeneral la, menm si li nan yon lòt anviwonman, e pwogrese pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun lan; **e**
2. resevwa, si nesesè, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl avèk sèvis entèvansyon ak modifikasyon konpòtman ki fèt pou abòde vyolasyon konpòtman an dekwa pou l pa rive ankò.

Lè yo te retire yon timoun ki gen yon andikap nan plasman li te ye nan moman an pandan **10 jou lekòl** nan yon menm ane akademik, e **si** yo retire l nan moman an pou **10 jou lekòl** yonn apre lòt oswa mwens **epi** si ranvwa a se pa yon chanjman plasman (gade definisyon ki anba la a), **alòs** pèsonèl lekòl la, an kolaborasyon avèk omwen

yonn nan pwofesè timoun lan, ap gade nan ki degre sèvis yo nesèsè pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan pwogram etid jeneral la, menms i li nan yon lòt anviwonman, e pwogrese pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun lan.

Si ranvwa a se yon chanjman plasman (gade definisyon ki anba la a), CSE oubyen CPSE timoun lan ap deside sèvis ki apwopriye pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan pwogram etid jeneral la, menm si li nan yon lòt anviwonman, e pwogrese pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun lan.

### Detèminasyon siy andikap

Anvan **10 jou lekòl** fin pase apre desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen andikap poutèt vyolasyon kòd konduit pou elèv (sòf si se yon ranvwa pou **10 jou lekòl** yonn apre lòt oswa mwens ki pa yon chanjman plasman), distri lekòl la, paran an, ansanm ak manm konpetan CSE oubyen CPSE yo (jan paran ak distri lekòl la wè l) dwe repase tout enfòmasyon enpòtan nan dosye timoun lan, ansanm ak IEP timoun lan, kèlkanswa obsèvasyon pwofesè fè, ak tout enfòmasyon paran yo te bay, pou gade:

1. si move konduit sa a se konsekans oswa si li gen relasyon dirèk ak andikap timoun lan; **oubyen**
2. si move konduit sa a se konsekans dirèk mankman distri lekòl la, ki pa te egzekite IEP timoun lan.

Si distri lekòl la, paran an, ansanm ak manm konpetan CSE oubyen CPSE timoun lan jwenn yonn nan pwoblèm sa yo te rive, konduit la dwe konsidere kòm yon siy andikap timoun.

Si distri lekòl la, paran an, ak manm konpetan CSE oubyen CPSE timoun lan jwenn move konduit la se konsekans dirèk mankman distri lekòl la, ki pa te egzekite IEP timoun lan, distri lekòl la dwe pran desizyon tousuit pou remedye mankman sa yo.

### Lè yo wè konpòtman an se te yon siy andikap timoun lan

Si distri lekòl la, paran an, ak manm konpetan CSE oubyen CPSE timoun lan jwenn konduit la se te yon siy andikap timoun lan, CSE oswa CPSE a dwe:

1. swa fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sòf si distri lekòl la te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl anvan pwoblèm konpòtman ki te lakòz chanjman nan plasman ki te rive a, epi egzekite yon plan entèvansyon sou konpòtman pou timoun lan; **oubyen**
2. si gen yon plan entèvansyon sou konpòtman yo te devlope deja, revize plan entèvansyon an, e modifye l, si sa nesèsè, pou abòde pwoblèm konpòtman an.

Sòf pou jan li dekri anba la a nan soutit **Sikonstans espesyal** la, distri lekòl la dwe retounen timoun lan nan plasman yo te retire l ladan an, sòf si paran an ak distri lekòl la dakò fè yon chanjman plasman nan kad chanjman plan entèvansyon sou konpòtman an.

### Sikonstans espesyal

Kit move konpòtman an se te yon siy, kit se pa t yon siy andikap timoun lan, pèsònèl lekòl la kapab retire yon elèv pou voye l nan yon IAES (CSE oswa CPSE timoun lan ap deside IAES la) pou plis pase 45 jou lekòl si timoun lan:

1. pote yon zam (gade definisyon an anba la a) nan lekòl la oswa li gen yon zam sou li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, osinon nan yon aktivite lekòl la ki sou konpetans NYSED oubyen yon distri lekòl;
2. konnen byen li genyen dwòg oswa l ap pran dwòg ilegal (gade definisyon ki anba la a) oubyen vann oswa ofri vann yon sibstans ki gen règleman espesyal (gade definisyon ki anba la a) pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, osinon nan yon aktivite lekòl la ki sou konpetans NYSED oubyen yon distri lekòl; **oswa**
3. koze domaj fizik grav (gade definisyon ki anba la a) sou yon lòt moun pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, osinon nan yon aktivite lekòl la ki sou konpetans NYSED oubyen yon distri lekòl.

### Definisyon

*Sibstans ki gen règleman espesyal* vle di yon medikaman oubyen lòt sibstans ki idantifye nan anèks I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202(c) Lwa sou sibstans ki sou kontwòl [Controlled Substances Act] (21 U.S.C. 812(c)).

*Dwòg ilegal* vle di yon sibstans ki sou kontwòl; men li pa vle di sibstans ki sou kontwòl ke ou posede legalman oswa w ap pran sou sipèvizyon yon pwofesyonèl lasante ki lisansye oubyen ke ou posede legalman oswa w ap pran dapre kenenpòt otorite ki nan Lwa sa a oubyen dapre kenenpòt lòt dispozisyon lwa federal.

*Domaj fizik grav* gen siyifikasyon yo bay pou tèm “domaj fizik grav [serious bodily injury]” dapre paragraf (3) souseksyon (h) nan seksyon 1365 nan tit 18, Kòd Etazini [United States Code].

*Zam* gen siyifikasyon yo bay pou tèm “zam danjere [dangerous weapon]” dapre paragraf (2) nan premye souseksyon (g) nan seksyon 930 nan tit 18, Kòd Etazini United States Code.

### Notifikasyon

Nan dat li pran desizyon fè yon ranvwa ki reprezante yon chanjman plasman timoun lan poutèt vyolasyon kòd konduit elèv, distri lekòl la dwe avèti paran yo sou desizyon sa a e bay yo yon avi ki di pwosedi pou w suiv pou defann dwa w.

## CHANJMAN PLASMAN POUTÈT RANVWA DISIPLINÈ

### 34 CFR seksyon 300.536; 8 NYCRR seksyon 201.2

Ranvwa yon timoun ki gen andikap ki soti nan plasman edikasyonèl li ladan nan moman an ap yon **chanjman plasman** si:

1. ranvwa a pou plis pase 10 jou lekòl yonn apre lòt; **oswa**
2. timoun lan te sibi yon seri ranvwa ki vin bay yon bagay ki rive regilyèman paske:
  - a. seri ranvwa yo bay yon total ki plis pase 10 jou lekòl nan yon ane akademik;

- b. konpòtman timoun lan sanble anpil ak konpòtman li te genyen nan ensidan anvan sa ki te lakòz seri ranvwa yo; epi
- c. yon seri faktè ki ajoute, tankou dire chak ranvwa, kantite total tan yo te ranvwaye timoun lan, ak kantite tan ki separe ranvwa yo yonn ak lòt.

Se distri lekòl la k ap deside, sou yon baz ka pa ka, si yon seri ranvwa ki te fèt regilyèman poutèt yon menm rezon se yon chanjman plasman li ye, epi si desizyon an konteste, l ap gen pou l pase nan yon revizyon dapre pwosedi jistis ekitab ak pwosedi lajistis.

## **DETÈMINASYON ANVIWONNMAN**

---

### **34 CFR seksyon 300.531; 8 NYCRR seksyon 201.10**

CSE oswa CPSE dwe deside IAES pou ranvwa ki **chanjman plasman**, ak ranvwa ki nan tit **Lòt otorite anplis** ak **Sikonstans espesyal** ki anwo la a.

## **APÈL**

---

### **34 CFR seksyon 300.532; 8 NYCRR seksyon 201.11**

#### **Jeneralite**

Paran yon timoun ki gen andikap kapab depoze yon plent pou mande yon pwosedi jis (gade anwo la a) pou mande yon odyans pou jistis ekitab si li pa dakò ak:

1. nenpòt desizyon anrapò ak plasman ki pran dapre dispozisyon disiplinè sa yo; **oswa**
2. detèminasyon siy andikap la ki eksplike anwo la a.

Distri lekòl la ka depoze yon plent pou pwosedi jis (gade anwo la a) pou mande yon odyans pou jistis ekitab si li panse poutèt yo kenbe menm plasman timoun lan ladan nan moman an, sa gen anpil chans lakòz domaj fizik pou timoun lan oswa pou lòt moun.

#### **Otorite fonksyonè odyans san patipri**

Yon fonksyonè odyans ki ranpli kondisyon ki eksplike nan soutit **Fonksyonè odyans san patipri a** dwe dirije odyans pou jistis ekitab la e pran yon desizyon. Ofisye odyans lan kapab:

1. retounen timoun ki gen andikap la nan plasman yo te retire l ladan an si fonksyonè odyans lan jwenn ranvwa a se te yon vyolasyon kondisyon ki dekri nan tit **Otorite pèsònèl lekòl la**, oubyen si li jwenn konpòtman timoun lan se te yon siy andikap timoun lan; **oswa**
2. òdone yon chanjman nan plasman timoun ki gen andikap lan pou l ale nan yon IAES apwopriye pou pa plis pase 45 jou lekòl si fonksyonè odyans lan dekouvri si yo kenbe menm plasman timoun lan ladan an sa gen anpil chans lakòz domaj fizik pou timoun lan oswa pou lòt moun.

Yo ka repete pwosedir odyans sa yo si distri lekòl la panse si yo retounen timoun lan nan premye plasman an sa gen anpil chans lakòz domaj fizik pou timoun lan oswa pou lòt moun.

Chak fwa yon paran oswa yon distri lekòl depoze yon plent pou pwosedir jis pou mande yon odyans konsa, yo dwe fè yon odyans ki ranpli kondisyon ki dekri nan tit **Pwosedir plent pou mande yon pwosedir jis, Odyans pou plent pou mande yon pwosedir jis**, ak **Apèl kont desizyon yo; revizyon enpasyal** sòf sa ki pral site la a:

1. Distri lekòl la dwe pran dispozisyon pou yon odyans akselere pou jistis ekitab, ki dwe fèt anvan **20** jou lekòl fin pase apre dat yo mande odyans lan e dwe gen yon desizyon anvan **10** jou lekòl fin pase apre odyans lan.
2. Sòf si paran yo ak distri lekòl la dakò alekri pou reyinyon an pa bezwen fèt, oswa yo dakò sèvi ak medyasyon, yon reyinyon pou jwenn yon solisyon dwe fèt anvan **sèt** jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou mande yon pwosedir jis la. Odyans lan ka kontinye sòf si afè a te rezoud nan gou toude pati yo anvan **15** jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou mande yon pwosedir jis la.

Yon pati kapab fè apèl kont desizyon nan yon odyans pou jistis ekitab akslere nan menm fason yo kapab fè l pou desizyon yo nan lòt odyans pou jistis ekitab yo (gade nan **Apèl**, anwo la a).

## **PLASMAN PANDAN PWOSSESIS APÈL YO**

### **34 CFR seksyon 300.533; 8 NYCRR seksyon 201.10**

Jan li dekri anwo la a, lè paran an oswa distri lekòl la te depoze yon plent pou mande yon pwosedir jis ki gen rapò ak afè disiplinè, timoun lan dwe (sòf si paran an ak NYSED oswa distri lekòl la deside yon lòt jan) rete nan IAES annatandan desizyon IHO oswa jiskaske peryòd ranvwa a fini jan li prevwa e eksplike nan tit **Otorite pèsònèl lekòl la**, kèlkanswa sa ki fèt anvan an.

## **PWOTEKSYON POU TIMOUN KI POKO KALIFYE POU EDIKASYON ESPESYAL AK SÈVIS KI ANRAPÒ AK EDIKASYON ESPESYAL**

### **34 CFR seksyon 300.534; 8 NYCRR seksyon 201.5**

#### **Jeneralite**

Si yo pankò deside si yon timoun kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal epi li vyole yon kòd konduit pou elèv, men distri lekòl la te konnen (jan li detèminen anba la a), anvan konpòtman ki lakòz mezi disiplinè te rive, timoun lan se te yon timoun ki gen andikap, lè sa a timoun lan kapab revandike kenenpòt pwoteksyon ki dekri nan avi sa a.

### Konesans debaz pou afè disiplinè

Yo konsidere yon distri lekòl dwe konnen si yon timoun se timoun ki gen andikap si, anvan konpòtman ki te lakòz mezi disiplinè te rive:

1. paran timoun lan te eksprime alekri bòkote pèsònèl sipèvizyon oswa administrasyon biwo edikasyon espesyal apwopriye, oswa pwofesè elèv la, enkyetid li genyen ke timoun lan bezwen edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal;
2. paran an te mande yon evalyasyon anrapò ak kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal dapre Pati B IDEA a; **oubyen**
3. pwofesè timoun lan oubyen lòt pèsònèl distri lekòl la te eksprime bòkote direktè edikasyon espesyal distri lekòl la, oswa lòt pèsònèl sipèvizyon distri lekòl la, enkyetid yo genyen espesyalman pou konpòtman timoun lan genyen ki rive regilyèman.

### Eksepsyon

Yo p ap konsidere yon distri lekòl te dwe okouran si:

1. paran timoun lan pa te pèmèt yon evalyasyon timoun lan oswa li te refize sèvis edikasyon espesyal yo; **oubyen**
2. yo te evalye timoun lan e yo pa te jwenn timoun lan se yon timoun ki gen andikap dapre Pati B IDEA a.

### Kondisyon ki aplike si pa genyen konesans debaz

Si distri lekòl la pa t konnen si yon timoun se yon timoun ki gen andikap anvan yo te pran mezi disiplinè kont timoun lan, jan li dekri anwo la a nan soutit **Konesans debaz pou afè disiplinè** ak **Eksepsyon**, timoun lan ka sibi mezi disiplinè yo aplike pou timoun ki pa gen andikap, ki te genyen menm kalite konpòtman sa yo.

Sepandan, si yo fè yon demann evalyasyon pou timoun lan pandan peryòd timoun lan anba mezi disiplinè yo, evalyasyon an dwe fèt yon fason akselere.

Jiskase evalyasyon an fini, timoun lan ap rete nan plasman edikasyonèl responsab lekòl yo chwazi, ki kapab gen ladan ranvwa oswa ekspilasyon san sèvis edikasyon.

Si yo jwenn timoun lan se yon timoun ki gen andikap lè yo konsidere enfòmasyon ki sòti nan evalyasyon distri lekòl la fè, ak enfòmasyon paran yo bay, distri lekòl la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal konfòmman ak Pati B IDEA a, ansanm ak kondisyon disiplinè ki dekri anwo la yo.



## REFERANS AK AKSYON BÒKOTE OTORITE KI RESPONSAB APLIKASYON LALWA AK OTORITE JIDISYÈ

---

### 34 CFR seksyon 300.535

Pati B IDEA a:

1. pa entèdi yon biwo fè rapò ba otorite ki konsènen yo pou yon krim yon timoun ki gen andikap komèt; **oubyen**
2. pa anpeche otorite aplikasyon lalwa ak otorite jidisyè yo egzèse responsablite yo nan sa ki konsènen aplikasyon lwa federal ak lwa Eta pou krim yon timoun ki gen andikap komèt.

### Transmisyon dosye

Si yon distri lekòl fè rapò yon krim yon timoun ki gen andikap komèt, distri lekòl la:

1. dwe asire yo transmèt ba otorite kote biwo a te fè rapò krim lan kopi dosye edikasyon espesyal ak dosye disiplinè timoun lan pou otorite yo ka egzaminen dosye sa yo; **e**
2. ka transmèt kopi dosye edikasyon espesyal ak dosye disiplinè timoun lan sèlman nan degre FERPA pèmèt.

**ITILIZASYON BENEFIS/ASIRANS PIBLIK AK PRIVE****TIMOUN KI GEN ANDIKAP KI KOUVRI NAN ASIRANS PIBLIK****34 CFR seksyon 300.154(d); 8 NYCRR seksyon 200.5(b)(8)**

Yon distri lekòl ka itilize avantaj piblik oswa pwogram asirans paran an oswa timoun nan (tankou Medicaid) pou bay oswa pou peye pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo. Pou distri lekòl la kapab voye bòdwo ba pwogram avantaj piblik la oswa ba pwogram asirans lan, distri lekòl la dwe:

1. jwenn yon konsantman alekri (ki annamoni avèk seksyon ki anba tit **Konsantman Paran – Definisyon**) anvan yo gen aksè nan avantaj piblik oswa asirans pitit ou pou premye fwa; epi
2. ba ou yon avi alekri anvan yo gen aksè nan avantaj piblik oswa asirans pitit ou pou premye fwa epi chak ane ki vini apre. Avi ekri a dwe fè ou konnen:
  - a) ou gen obligasyon pou pran avantaj piblik oswa pou antre nan avantaj piblik pou pitit ou resevwa FAPE;
  - b) ou pa gen obligasyon pou fè yon depans avèk lajan pòch ou, tankou peman kantite lajan yon franchiz oswa yon kopeman lè ou fè demann pou sèvis yo;
  - c) distri a pa ka itilize avantaj pitit ou nan yon pwogram avantaj piblik oswa asirans si itilizasyon sa a ta:
    - ta diminye disponiblite pwoteksyon asirans lan avi oswa lòt avantaj moun ki gen asirans lan;
    - lakòz fanmi ou peye pou sèvis ki ta garanti nan pwogram avantaj piblik oswa asirans epi ki nesèsè pou pitit ou nan moman pitit ou pa nan lekòl la;
    - ogmante kantite lajan prim asirans lan oswa ta lakòz avantaj yo oswa asirans sispann; oswa
    - riske fè ou pèdi kalifikasyon pou pwogram egzanpsyon ki baze nan kay ak nan kominote, ki baze sou depans gwoupe pou swen sante
  - d) refi oswa anilasyon konsantman ou pou bay aksè nan avantaj piblik oswa asirans pa anile responsablite distri lekòl la genyen pou asire yo bay tout sèvis IEP yo gratis pou ou; epi
  - e) ou ka anile konsantman ou nenpòt kilè.

**TIMOUN KI GEN ANDIKAP KI KOUVRI NAN ASIRANS PRIVE****34 CFR seksyon 300.154(e); 8 NYCRR seksyon 200.5(b)(9)**

Konsènan sèvis ki nesesè pou bay timoun ou FAPE, distri lekòl la kapab sèvi ak benefis asirans prive w sèlman si w bay konsantman w konfòmeman ak seksyon nan tit ***Konsantman Paran - Definisyon.***

Chak fwa distri lekòl la pwopoze sèvi ak benefis asirans prive w, li dwe:

- mande w ak resevwa konsantman w; e
- fè w konnen, si ou refize pèmèt distri lekòl la sèvi ak benefis asirans prive w, sa pa retire responsablite distri lekòl la genyen pou l asire ou jwenn tout sèvis ki obligatwa yo san w pa peye.

Distri lekòl la ka itilize lajan Pati B IDEA a li pou peye frè ou ta ka oblije peye pou itilize avantaj ou yo oswa asirans ou (pa egzanp franchiz oswa kopeman).

## KONDISYON POU PARAN CHWAZI POUKONT PA YO PLASE TIMOUN NAN LEKÒL PRIVE SOU KONT DEPANS PIBLIK

### JENERALITE

#### 34 CFR seksyon 300.148

Pati B IDEA a pa egzije yon distri lekòl peye nan yon lekòl oswa enstitisyon prive frè edikasyon, ansanm ak edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou timoun ou ki gen andikap si distri lekòl la mete FAPE aladispozisyon pitit ou epi ou chwazi plase timoun lan nan yon lekòl oswa enstitisyon prive. Men, distri kote lekòl prive a ye a dwe mete timoun ou nan popilasyon kote yo abòde bezwen timoun yo dapre dispozisyon Pati B a, konsènan timoun paran yo te mete nan yon lekòl prive dapre 34 CFR seksyon 300.131 rive nan seksyon 300.144.

#### Ranbousman pou plasman nan lekòl prive

Si timoun ou te deja resevwa edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal sou otorite yon distri lekòl, epi ou chwazi enskri timoun ou nan yon lekòl jadendanfan prive, primè oswa segondè prive san konsantman oubyen referans distri lekòl la, yon tribinal oswa yon fonksyonè odyans kapab mande biwo a ranbouse w frè pou enskripsyon sa a, si tribinal oswa IHO a jwenn biwo a pa te mete FAPE aladispozisyon timoun ou an nan lè li ta dwe mete l anvan w te fè enskripsyon sa a e plasman prive a apwopriye. Yon IHO oswa yon tribinal gen dwa jwenn plasman ou fè a apwopriye, menm si plasman an pa satisfè nòm Eta a ki aplike pou edikasyon ke NYSED ak distri lekòl yo bay.

#### Limit sou ranbousman

Ranbousman ki dekri nan paragraf anwo la a kapab diminye oswa refize:

1. si: (a) Nan reyinyon CSE oswa CPSE ki pi resan ou te ale ladan an, anvan w retire timoun ou nan lekòl piblik, ou pa te avèti CSE oswa CPSE ou t ap rejte plasman distri lekòl la pwopoze a pou bay timoun ou FAPE, epi ou pa deklare tou sousi ou ak entansyon ou genyen pou enskri pitit ou nan yon lekòl prive sou kont depans piblik; oubyen (b) Omwen 10 jou ouvrab (ansanm ak tout konje ki tonbe nan yon jou ouvrab) anvan ou retire timoun ou nan lekòl piblik la, ou pa te bay distri lekòl la yon avi alekri sou enfòmasyon sa a;
2. si, anvan ou retire timoun ou nan lekòl piblik la, distri lekòl la te ba w yon avi alekri sou entansyon pou evalye timoun ou (ansanm ak yon deklarasyon sou bi evalyasyon an ki te apwopriye e rezonab), men ou pa te fè aranjman pou timoun lan disponib pou evalyasyon an; **oubyen**
3. si konklizyon yon tribinal jwenn desizyon w yo pa te rezonab.

Men sèlman, ranbousman an:

1. pa kapab diminye oswa refize poutèt paran an pa te bay avi ki nesèsè a si: (a) lekòl la te anpeche w bay avi a; (b) ou pa te resevwa avi sou responsablite ou genyen

pou w bay avi a ki dekri anwo la a; oswa (c) aplikasyon kondisyon ki anwo la a ta gen anpil chans pou li lakòz domaj fizik grav pou timoun lan; **e**

2. pa kapab diminye oswa refize poutèt paran an pa te bay avi ki nesèsè a – se tribinal oswa yon IHO k ap deside sa - si: (a) paran an iletre oswa li pa kapab ekri ann anglè; oubyen (b) aplikasyon kondisyon ki anwo la a ta gen anpil chans pou li lakòz domaj emosyonèl grav pou timoun lan.

## **RESOUS**

---

**Sit USDOE - IDEA** - (ansanm ak Pati 300 Kòd règleman federal [Code of Federal Regulations] <http://idea.ed.gov/>

**Depatman Edikasyon Eta Nouyòk** - <http://www.nysed.gov/home.html>

**Biwo Edikasyon Espesyal** - <http://www.p12.nysed.gov/specialed/>

**Pati 200 ak 201 Règleman Manm Komisyon Edikasyon an** - <http://www.p12.nysed.gov/specialed/lawsregs/part200.htm>

**Enfòmasyon tounèf Biwo Edikasyon Espesyal** - <http://www.p12.nysed.gov/specialed/timely.htm>

**Biwo rejyonal pou asirans kalite edikasyon espesyal [Special Education Quality Assurance Regional Offices]** –

Enfòmasyon Jeneral - <http://www.p12.nysed.gov/specialed/quality/home.html>

Ki kote biwo yo ye - <http://www.p12.nysed.gov/specialed/quality/qaoffices.htm>

(yo make tou sou paj ki apre sa a)

**Biwo rejyonal pou asirans kalite edikasyon espesyal:****Santral**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
Hughes State Office Building  
333 E. Washington Street, Suite 527  
Syracuse NY 13202  
**(315) 428-4556**  
(315) 428-4555 (fax)

**Vil Nouyòk**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
55 Hanson Place, Room 545  
Brooklyn, NY 11217-1580  
**(718) 722-4544**  
(718) 722-2032 (fax)

**Eastern****Albany Site**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
89 Washington Avenue, Room 309  
Albany, NY 12234  
**(518) 486-6366**  
(518) 486-7693 (fax)

**Long Island**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
Perry B. Duryea, Jr. State Office Building  
Room # 2A-5  
Hauppauge, NY 11788  
**(631) 952-3352**  
(631) 952-3834 (fax)

**Malone Site**

(VR District Office)  
NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
209 West Main Street, Suite 3  
Malone, NY 12953-9501  
**(518) 483-3530**  
(518) 483-3552 (fax)

**Western**

(NYS School for the Blind)  
NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
2A Richmond Avenue  
Batavia, NY 14020  
**(585) 344-2002**  
(585) 344-2422 (fax)

**Hudson Valley****Albany Site**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
89 Washington Avenue, Room 309  
Albany, NY 12234  
**(518) 473-1185**  
(518) 402-3582 (fax)

**Nondistrict Unit****Albany Site**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
89 Washington Avenue, Room 309  
Albany, NY 12234  
**(518) 473-1185**  
(518) 486-7693 (fax)

**Port Chester Site**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
1 Gateway Plaza -3<sup>rd</sup> Floor  
Port Chester, NY 10573  
**(914) 934-8270**  
(914) 934-7607 (fax)

**Mid-Hudson Site**

NYS Education Department  
Special Education Quality Assurance  
Mid-Hudson District Office  
Manchester Mill Center, Suite 200  
301 Manchester Road  
Poughkeepsie, NY 12603  
(914) 402-2180 (fax)